



www.dci.org.uk

E-mail: Johnny Auguste, Les Cayes, Haiti miesht@gmail.com

Evangelizasyon

1. ENTWODIKSYON KOU A
2. LEVANJIL
3. MANDE BONDYE
4. DIFERAN MWAYEN POU MOUN JWENN DELIVRANS
5. KI JAN YOU EVANJELIS VIV
6. NENPOT KI JAN
7. BYEN CHAJE
8. SIY AK PWODIJ
9. GERI MALAD YO
10. CHASE DEMON YO

**Komanw ka louvri lekòl biblik paw
Ki yes nou ye?
Komanm ka edew?**

Seten ke wap aprann leson sa ak lot moun. Pa bliye lapriye e byen preparel pandan wap mete vese paw ak istwa paw pou leson an pi byen pase.

© 1985-2011 The DCI Trust, England
Global Support for the world of mission
Paj entenet: <http://www.dci.org.uk>
Imel: <http://www.dci.org.uk/main/writetodci.htm>

1. Entwodiksyon kou yo

Nou kontan wè w nan lekòl fòmasyon entènasyonal sou entènèt ki fèt pou legliz 21èm syèk la ak reskonsab misyon yo. Se you lekòl san potal, san fwontyè, san peye okenn pri ki ka depase sa w kwe nan zafè politik, larelijyon, klan ou non yo bay larelijyon nan non Jezi.

Nap espere ke leson sa yo va enspire w e beni w nan menm fason ak anpil milye lòt ki sanble ak ou kap viv e reve pasyon premye amou yo gen pou Jezi.

Paske w deside kòmanse kou sa Jodi ya vle di ke ou menm ou vle konn Seyè a pi byen e ou gen nan kè w pou w wè manm ki nan fanmi w yo ak moun ki nan peyi kote wap viv la, sann pa bliye lòt pèp kote Levanjil poko janm preche nan mond lan ak pòv yo ki nan mond sa ka tounen viv you lavi san parèy ak apa nan lanmou ak atansyon pou Bondye pa lafwa nan Jezi Kris.

Kou sa va ede w ak presizyon pou w rive atenn rèv sa a.

Premye leson sa tou senp e se you senp entwodiksyon. Lòt leson yo plis konplè e chaje ak bon bagay pou w aprann e mete an aplikasyon. Mwen te aplike yo nan vim pèsònèlman, m te anseye yo nan klas, mwen pase yo bay anpil moun e kounye a se pou ou yo ye. Mwen espere e map priye pou w ka beni menm jan ak mwen, ankouraje e atire bò kot Seyè a ak sa li vle, tankou mwen te ye e map kontinye konsa nan ane kap vini yo.

Dte. Les Norman

1. Pou n kòmanse nou pwal ba w you rezime de sa nou te aprann pandan kèk ane e avèk lèd Sentespri a, ak labib, ak lapriye nou yo ak you lespri ki byen louvri ou va kapte sa kap di yo.

Kou sa yo pale de plizyè sijè kap pale de sa ki pi bon e ki parèt pi dakò ak legliz peyi ki sou wout pou devlope yo :

1. Evanjelizasyon
2. Misyon
3. Premye pa nan lavi disip pou moun ki fèk kwè yo
4. Kòman pou vin pi bon kòm disip
5. Lè Bondye rele w
6. Kwè nan Bondye pou zafè lajan
7. Leson pou moun ki reskonsab yo
8. Legliz la ap konstwi
9. Gouvènman kap vini an

2. Dezyèmman, si sak gen pou rive yo ta pèmèt sa, nou vle pou w ta pase bay lòt moun bagay sa yo wap aprann lan pou pawòl Bondye a ka fè kous li. Nou pwal montre w koman pou w fè sa sanw pa depanse anpil lajan paske nou konnen kòman sa difisil pou w jwenn. Pou w ka wè kòman pou w fè sa, nap envite w gade:

Kòman lekòl Misyon an ka travay pi byen

Ak lesou 66 You legliz kap bay lavi ak anpil Disip

Sou zafè sa, lè nap pale de you lekòl, nou pa vle pale de you kay espesyalman ak you ekip moun ki fè gwo etid. Ou jwenn etidyan n yo nan tout legliz, nan kay kote moun abite an fanmi espesyalman, nan magazen yo e menm anba pye bwa kote yap pran bon jan van. Sa w bezwen se jwenn moun ki dakò fè travay la ak bòn volonte yo, jwenn you bib, lesou yo ak prezans Bondye ki va ak ou gras ak lapriyè. Nap ede w pran wout pou w derape epi nap toujou la pou lòt nivo ou va pran nan wout la.

Pou fini, sa nou vle vrèman se wè moun ki fin aprann epi ki pwal fè moun tou sou sa yo finn aprann la, pandan yap pran menm metòd yo e menm wout pou pase pawòl Bondye bay lòt moun.

Keksyon: Kòman kou sa mache pi byen?

Repons: Kou sa mache nan yon meyè nivo sitou lè you responsab swiv menm apwòch efikas ke Jezi te itilize pou fòme disip yo, apre sa Pòl ak Timote pran menm apwòch la tou.

Sa w te tande nan bouch mwen devan anpil temwen,
Remèt yo ak moun ki gen bon konprann, ki kapab bay menm ansèyman ak lòt.
Pòl pou Timote, 2 Timote 2.2

Nou ta renmen ke ou konprann sa depi nan kòmansman. Nan istwa nouvo a, apwòch bibliik sa te anseye epi met an pratik nan peyi Lachin nan kòmansman 20yèm syèk la avèk otè tout moun konnen nan lemond ki rele : Watchman Nee. Pi devan, nan mitan ane 1960, prensip sa a tap simen pa Juan Carlos Ortiz nan peyi Ajantin, epi pa gen two lontan valè li vin ogmante e yo vin asepte li pou grandi pi gwo Kominote evanjelik nan lemond, sa ke pastè Youggi Cho nan vil Seoul, nan peyi Kore ki nan Sid la ap dirije. Nan finisman 20yèm syèk la, pastè Cesar Castellanos nan vil Bogota nan peyi Kolonbi te vini tou byen koni nan tout lemond gras ak mouvman G12 ki tap anseye menm prensip sa ak moun ki tap pale lang panyòl nan lemond. Se gras a prensip sa ke asanble pastè Castellanos te grandi anpil de 8 a 120.000 moun nan lespas diz an.

Li te ekri bagay sa: "Mwen te kòmanse wè travay Jezi a ak anpil klete. Anpil foul moun tap swiv li, men li pat anseye foul moun lan. Li fòme 12 moun sèlman e tout sa li tap fè ansanm ak foul yo se pou te anseye 12 moun yo. Aprè sa, Seyè a poze m you lòt keksyon: " Si Jezi te fòme 12, eske ou dwe genyen plis ke 12 ou mwens ke 12 moun ? " Jezi te chwazi 12 pou pran swen foul yo. Li te toujou ak 12 moun sa yo jouk li te rive byen fòme yo, apre li te voye yo e li te ba yo gwo pouvwa ak otorite pou fè tout nasyon vin patizan li. "

Paste, responsab, oswa etidyan ki fenk kwè ki swaf aprann sa Bondye vle ekzatemman. Pi bon bagay pou fè se jwenn kèk zanmi ki dakò vin chita ansanm ak ou pou etidye. Pawòl Bondye Ak Lespri Bondye va bay, konfyans ak angajman chak moun pran an, plis fòs pou li ka pwodwi nan nou kakarakte Kris la nan premye pa lavi disip la. Se poun atann a Sentespri a ki pale nan kè nou pou voye tout moun ki vle ale chache lòt moun ki va vin rann gwoup ou pi rich nan gras Bondye.

Gade byen jan matematik 2 Timote2:2 ta parèt difisil pou moun kwè.

Si w ta aprann pou kò w, **1**
moun vin konnen pawòl Bondye a.

Siw pataje lesou an, ekzanp ak 12 Moun
Sa fè **13 moun** ki vin tande pawòl la Bondye a la pou la.

Si 12 moun sa yo san konte ou menm ta rele yo chak 12 moun an plis sa vin fè 157 moun you sèl
kou ki vin konnen pawòl Bondye a.

Si 157 yo di tou yap fè menm bagay la, yap rele 12 moun an plis
1.884 moun ki vin konnen pawòl Bondye a.

Si 1.884 moun vle fè menm bagay la, yo rele 12 moun an plis sa fè
22.608 moun ki vin tande pawòl Bondye a.

Bagay sa pase nan peyi Lachin e ap pase chak jou nan diferan kote nan Lamerik ki nan sid la ak
nan peyi Lafrik yo kote modèl fomasyon pa miltiplikasyon bay rezilta gras ak kèk kou tankou sa
ki pwouve ke sèl wout sa ki efikas e ki koute mwen chè pou bay lansèyman ak anpil milye moun
ki deside mache dèyè Jezi. Bagay sa vin posib pou legliz ou ye a, lekòl misyon wap dirije a ak
ou menm.

Ou pa bezwen kay ak dokiman espesyal pou fè sa, nou jis bezwen rankontre pou chita sou sa,
pale ak fye w sou kapasite Sentespri a pou bay jarèt e fè lòt ide nou va genyen grandi. Toujou
sonje prensip ki te fonde modèl travay misyonè sa:

Tout sa w te tande nan bouch mwen devan anpil moun ki te la yo, pase l bay lòt moun ki gen
kapasite sa, ki kapab anseyel ak lòt moun.

Pòl pou Timote, 2 Timote 2:2

Ansanb nou kapab fòme anpil moun pou vin kretyen ki gen matirite pou yale travay yo menm
nan ministè evangelizasyon, la vi disip yo ak swen pòv yo lè yo fin jwenn lafwa, travay ak lajan
ki enpotan pou fè levanjil la vane. Nan premye chapit liv lajènèz la, Lè Lespri Bondye te bay
lamen ak Pawòl Bondye, te gen you bann lavi kite vin tou nèf e se priyè nou pou Seyè a fè tounen
fè menm bagay la pou nou, men fwa sa se lan lavi nou ak kote nap viv la.

Ou pa menm bezwen tann pou w tèmine kou a nèt pou al pran swen lot gwoup moun nan lòt kote
pandan wap anseye sa ou menm ou te aprann gras a kou sa yo. Bat pou w kite epas you ak yo, epi
ou menm etidye lòt twa premye kou yo.

Detann ou!

Si wap ankadre you gwoup, devlope you lekòl misyonè ou byen wap travay nan you gwoup kote kek sitirasyon tap parèt trè difisil pou ou, se ou menm nap kontan wè nan kou sa, pou ou ka swiv pwogram sa pou kòw ou nan fason kap pi bon pou ou a.

Eske kou a difisil ?

Yo te sonde leson sa yo nan legliz yo ki nan peyi Lafrik, o Zind ak nan peyi yo pale panyòl yo, leson sa yo mache ak tradisyon chak peyi. Tout moun di ke sa nap anseye la a se bagay labib li ye, li se verite, e lap mache nan peyi ki sou wout devlope yo e li chita sou sa yap tann, pou yo ka akonpli gwo komisyon an, lè sa a Jezi ka retounen. Anpil ide parèt nan bagay sa, yo triye yo, ak sonde yo nan lemond ki sou wout devlope yo, konsa li vin pa trè diferan ak sa ki tap pase nan legliz primitiv.

Ak pouvwa Bondye leson sa yo, pa twò difisil menm pou moun ki pa gen twò gwo nivo nan zafè ledikasyon. Ansèyman an senp e tout moun ka itilize yo, mo ki nan kou a fasil pou tradwi si w ta renmen fè sa.

Nòt yo klè e yo fasil pou li, zanmi ou yo ka retire yo gratis e rekopye yo a lamèn ou nan machin ki fèt pou tape. Yo ka retire chak leson e kopye yo youn pa youn sak ki vin fè leson sa yo vin fasil e tout moun ka aprann yo. Moun ka fè fotokopi kou sa fèy pa fèy pou kou a pa vin twò chè pou moun kap fè l ka peye li. Gen kèk kote menm se a lamèn yo kopye kou yo.

Kounye a, nap priye ou pou ou tounen nan **Lis etid yo** pou ou ka byen gade tout etid yo pou ou ka wè sa w wap aprann lan ak tout sa ou gen pou ou pase bay lòt moun.

Ti komansman sa, ki se tou leson nimewo 1, ap fini pandan nap mande ou pou li chek pwen nou devlope nan **Paj repons ak keksyon yo(FAQ)** poutèt pou ka setèn ke ou konn tout sa pou ou fè. Kon ou komanse leson nimewo 2 a bagay yo pwal pi bon se la tou ou pwal komanse aprann tout bon.

2. Bòn Nouvèl la

Nan bib ou a, li sa :

1 Korentyen 15:1-34; 15:58

Men vèsè pou w kenbe nan tèt ou a:

« Mwen pa wont anonse bòn nouvèl la: se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè ... » Women 1:16

Aprè sa, pale de bagay sa yo :

Eske w te mande padon pou peche ou yo ak asepte Jezi kòm sovè pèsonèl ou ? Si se pasa, se tan pouw fè sa.

Men sa pou w komanse fè avan : chwazi ou menm you valè moun ki poko kwè pou al eksplike Levanjil : youn, de, kat oubyen wity ? Pa ale pli lwen ke sa ou kwè. Bay tèt ou you bi ak mande Bondye pou sekouwe w.

Fè devwa pou ou ka jwenn diplòm :

Ekri you plan ke gen 2 paj pou you mesaj sou you sijè ke ou va chwazi mete tout sa ou konnen sou sa ou aprann sou Levanjil ak konesans ou rive genyen jouk kounyea.

Kalkile sou sijè sa mo aprè mo:

Pwovèb 30:2-4

1. Eske ou ka tande keksyon an?

Nan lespri w, èske ou ka tande rèl you pakèt moun ?

Tande.

Mwen fatige ak Bondye.

Mwen fatige ak Bondye e map chite.

Mwen se moun ki pi sòt ki genyen.

Mwen gen lespri you moun.

Mwen pat aprann bon konprann, ni mwen pa genyen konesans sou Bondye.

Ki moun ki monte nan syèl yo déjà e ki moun janm desann ?

Ki ès ki ranmase van an nan pla men li ?

Ki ès ki kouvri dlo yo ak rad li ?

Ki ès ki mete kote lwen nan la tè a?

Ki jan li rele ?

Kijan pitit li a rele ?

Eskew ou konnen li ?

Pwovèb 30:1-4

Anpil moun egare sous sans lavi genyen. Yo pa konnen kote yo soti, poukisa yo la e ki kote yo pwale lè yo fin mouri ?

Nan kè yo, yo panse ke Bondye ekziste, men san yo pa konnen ki ès li ye reyèlman, kote li ye ak sal sanble?

Ou menm ou konn ki ès li ye, ou konnen non pitit li a, ki se Segnè Jezi Kris.

Ki sa nou ka di li ?

Pòl te ekri ak zanmi li yo ki te nan legliz Korent nan peyi la Grès pou reponn keksyon sa. Li te bay sis pwen ki enpotan ke moun ta dwe konnen pou yo ka deside.

1 Korentyen 15:1-28

- Bondye te livre you mesaj.
- Jezi ki te mouri a, li resisite e li byen vivan.
- Se you gras ak you kado Bondye bay.
- Tout bagay pa fini aprè lanmò.
- Jezi Kris ap retounen.
- Ap gen you dènye jou..

3 Dil li ka konnen Bondye.

Bib la di ke li gen plis enpotans nan lavi tout moun ki genyen swa : nonm, fanm, tifi ak ti gason, pou yo ka konnen Levanjil, mesaj kifè po nant Bondye ak Lòm.

Ki sa levanjil ye ?

Se pouvwa Bondye pou nenpot moun ki kwe. Women 1:16.

Pol di nou ke Kris, pitit Bondye a mouri pou peche nou yo, antere, leve vivan sou twazyem jou a. 1 Korentyen 15:1-4.

- 1 Nou dwe kwè ke Bondye ekziste e li se moun kap peye tout moun kap chachel yo ak tout ke l. Li pa you moun ki bandi e ki byen lwen.
Hebre 11:6.
- 2 Fòk nou kwè ke Bondye trè Sen e ke tout peche nap fè yo ap anpeche nou chache l. Swiv movèz panse nou yo, pawòl ak aksyon nou yo separe nou de lanmou li ak prezans li lan nou. Konsa, lè nou va mouri, nou pwal jwenn nou nan you chatiman ki va tèrib.
Women 3:23, 6:23.
- 3 Nou chwazi pou n kwè ke Bondye, nan gran lanmou li genyen, te voye pitit pitit li a Jezi Kris, ki fèt nan you vièj, ki pa gen peche, pou ka sove nou lè li pran sou do li kole Bondye, pou nou ka resevwa lapè e pou n ka jwi prezans Bondye nan mond sa e lè nou va nan letènite.

- 4 Nou kwè ke nou se responsab bon chwa nou gen pou nou fè a. Nou asepte ke nou regrèt anpil paske nou te peche. Nou kwè ke Kezi te mouri poutèt nou menm e nap mande Bondye pou li ede nou poun vire do bay vye bagay nap fè yo. Nou asepte Jezi kòm sove pèsònèl nou ak Seyè nou e nou pran angajman pou nou swiv li pou tout tan, menm si zanmi ak fanmi ta bann tèt chaje. Jan 1:12-13. Revelasyon 3:20.

4. Di yo ke Jezi vivan.

Lafwa nou pa repoze sèlman sou santiman men li bati sou bagay moun ka pran kòm prèv devan nenpòt tribinal ki pa kowonpi. Pòl te resevwa temwayaj de 514 moun ki te viv sa, ak tout deklarasyon moun ki te konnen wè Jezi ak de je yo, tankou Pyè ak lòt anvwayer yo. Yo pa ka twonpe yo. 1 Korentyen 15 :5-8.

5. Di yo ke Bondye fè yo gras.

Gras la se you favè ke nou pa merite ke Bondye bay san ranson. Pèsòn pa ka vann li ni jwenn li. Ou jis bezwen akseptel avèk rekonesans.

Pòl rekonèt malgre anpil pèsèkisyen li fè kont legliz, gras Bondye aji avèk pouvwa nan lavil. Gras bondye leve li nan ran pi gran peche pou metel nan plas you gran sèvitè Bondye ki byen pwisan. 1 Korentyen 15 :9-10.

6. Di yo ke aprè lanmò tout bagay pa fini.

Se sèlman lè nou te deside swiv Jezi ke li va aksepté nou bò kote li aprè nou fin mouri.

Nap tann rezireksyon ki gen pou vini an avan tan li, lè moun ki kwè yo va jwenn you lòt kò ki pap vin granmoun, ki pap janm malad e ki pap mouri tou.

Nou pwal viv nan you lòt tè anba you lòt syèl. Moun ki pa kwè yo, yo menm, dwe ret tann you letan dife ak you touman ki va lwen lanmou Bondye pou toutan.

1 Korentyen 15:12-23, 35-49.

7. Di li ke Jezi ap retounen.

« Lè li va tounen », lap pote lajistis bay pèp yo sou la tè, dapre sa zanj yo te di nan travay 1:11 nou kwè sa tankou tout lòt kretyen nan lòt epòk yo rive jouk jodi ya te kwè. 1 Korentyen 15:23-25.

8. Di yo ap gen you dènye jou.

Se jodiya menm ki jou pou resevwa delivrans Bondye pote ba ou a lakay ou, jodi ya se pi bon tan, paske demen ka two ta.

1 Korentyen 15:24-28, 50-57.

Pou rezon sa yo, nou menm ki kwè, dwe kenbe fè m, pou pa kite anyen se kwe nou nan verite sa yo ki la pou tou tan. Se poun pa janm sispann travay pou Seyè a, pa sispann pale moun de li, ou konnen si travay sa ta parèt di men li pa pou gran mesi. 1 Korentyen 15:58.

Pou nou fini, pa bliye lapriyè, pandan nap site pèp ki lwen yo kote levanjil poko preche.

Gen you rezo lapriyè pou tout Ras

Pran you minit pou w lapriyè sa ka chanje lemond.

Lapriyè pou Lamoritani

2.500.000 moun nan Lafrik Lwès

99,7% moun ki poko kwè.

Se Islam yo konnen epi yo pòv

3. Mande Bondye

Ki priye nou ka fè pou sove moun ki poko konn Bondye yo?

Nan Bib la, men sa nou li:

Ezekyèl chapit 34.

Men vèsè pou nou kenbe nan tèt nou:

« Paske nou pa gen pou nou batay kont moun ki gen chè ak san, men se dominasyon yo, kont chef yo, kont prens lemond teneb sa yo, kont espri kap fè moun fè sak mal ki nan syèl yo». Efezyen 6:12

Apre, pale de bagay sa:

Jodi ya, li bon pou pase you moman nan lapriyè pou ou ka mete an pratik sa nou sot aprann ansanm yo.

Sa pou w fè avan lòt fwa:

Pase you ti tan nan lapriyè, swa sèl ou nan you gwoup pandan nap lapriyè youn pou lòt. Chache pwen fèb yo pandan nap fè ekzèsis esprityèl yo. Chanje san an lapriyè, pandan nap vin you pi bon temwen pou Jezi.

Devwa poun ka jwenn diplòm:

Ekri you priyè, pa pi long ke de paj, pandan nap lite nan lapriyè, daprè: 1 Timote 2:1-8, pou gouvènè yo nan tout nivo ak pou tout moun nan ras ou a.

Panse sou vèsè sa:

Travay 26:28-29

Foul la.

You jou, pandan mwen te nan mache, mwen tap tann devan you boutik plen ak moun ki ta bouskile you lòt pou yo ka achte sa yo bezwen. Yo manke kraze m. Lè mwen fèk wè yo kè m sote pou m wè jan yap pouse youn lòt ak fè gwo rèl. Genyen ki tap bwè, gen lòt ki tap fimen ak lòt ki tap di bagay sal. Apre, Mwen te sonje Jezi lè li devan you foul. Li pat fè kolè. Li te pito wè nan yo de moun ki dekouraje ak fatigue. Li te gen pitye pou yo e li te mande disip li yo pou yo lapriyè pou gen lòt moun ki vin ede yo. Matye 9:35-38.

You bann mouton san bèje.

Mwen repanti de tan m pedi yo e mwen kòmanse lapriyè. Mwen santi Bondye kap pale nan kòm: «Si w vle ede moun sa yo tout bon, pa gen efò moun ka fè pou yo entèrese ak ou. Sa li ta pi bon pou ou fè se vin pi pre m pou m ka ekzose lapriyè ou yo pou moun sa yo ka delivre.

Lapriyè labib bay ki te sove moun ki pèdi deja.

Ann gade sa pou you moman sitou siw konn sa labib di. Kote wap jwenn modèl moun kap lapriyè tout tan pou mande Bondye pou li sove kèk moun tankou: you manman, you papa, you pitit gason, you pitit fi, you patwon, you vwazen, elatriye... Repons lan tou senp: Ou pap jwenn li.

Poukisa ou pa jwenn li?

Paske Bondye pran delivrans moun sa yo sou do li. Bondye angaje li plis ke nou. Pou li menm bagay sa regle deja e pou tout tan.

Bondye fè pwomes pou li kraze tèt la. Sa ki reprezante pouvwa satan an. Jenèz 3:15.

Bondye angaje li pa kèk kontra ak alyans pou ka beni ras moun kap viv sou la tè a daprè vèsè sa yo ki nan liv Jenèz 9:1-17, Jenez chapit 15 ak 17, Ekzòd 34:10.

Menm lè lòm pa janm sispann kraze kontra sa yo, Bondye, nan lanmou li ak gras li, ta pwal tabli you lòt alyans daprè sa li te di nan bouch profèt Jeremi nan: Jeremi 31:31.

Li pwomèt Abraam, ke pa lafwa tout fanmi sou la tè gen pou beni nan li. Jenèz 12:1-3.

Bondye te bay you ras nèt, Izrayèl, pou pote byenfè li sou nan tout lemond. Ekzòd 19:5-6

Nan Ezekyèl 34, vèsè 4, 12 et 16, Papa a revele gwo konpasyon lè li deklare menm si lòm te fèl wont, li pwal chache li menm menm sak pèdi yo, tounen ak sa pèdi chemen an, panse sak blese yo ak bay sak fèb yo fòs.

Sou tout bagay sa yo, Bondye te voye piti li a, Jezi, pou al chache ak sove sila yo ki pèdi. Lik 19:10 ak Lik 4:18.

Lè Bondye tap voye Sentespri a, premye bagay li fè devan tout moun se te pale ak yo nan lang pa yo de sa Bondye fè, moun sa yo kite soti nan tout kwen sou la tè. Travay 2:1-12.

Ki lapriyè ki pi bon daprè labib?

Kounye a nou konnen ke Bondye gen detèminasyon ak angajman, nou ka lapriyè ak anpil pasyon nan non Jezi ak anpil dezi, pèseverans ak konfyans total nan li: « Se pou gouvènman w lan vini, se pou volonte ou fèt sou tè a tankou nan syèl la. Amèn ».

Kòman pou nou lapriyè ?

Nou konnen byen Bondye detèmine pou li sove moun, nou toujou bezwen lapriyè, ak lapriyè souvan, ak you gwo dezi ak zèl epi pèseverans.

Kisa pou nou mande nan lapriyè ?

Fòk nou lapriyè pou tèt nou avan.

Pou lespri nou ka louvri pou nou ka wè konbyen nou se you moun ki pèdi Revelasyon 20:11.

Pou nou ka gen you kè sansib pou moun ki pèdi yo. Lik 19:10

Pou Bondye ka ouvè pòt yo. 1 Korentyen 16 :9, 2 Korentyen 2 :12, Travay 14 :27, Kolos 4 :3, Revelasyon 3 :8.

Pou ka vin gen kè sansib ak sa Bondye va montre nou yo. Travay 8:26 ak rèz chapit la.

Pou nou ka vin gen bon konprann, pou nou wè sak bon ki rive nou ak pou nou pa met je nou lòt kote. Jak 1:5.

Pou nou ka gen asirans. Efezyen 6:19, travay 4:29.

Pou Sentespri a ka fè moun yo dakò san yo pa fòse yo. (Travay 1:8).

Pou pawòl li yo, Ezayi 59:21, Jeremi 1:9.

Pou nou ka gen you lespri kap panse ak kòman pou legliz grandi ak rekòt nanm. Matye 13:1-23, Ezayi 53:10-11.

Fòk nou lapriyè pou moun yo.

Lapriyè se you bagay ki montre nou gen renmen. Pi bon lapriyè montre bagay Bondye renmen anpil yo ak li montre yo pa pawòl. Pòl ban nou lenstriksyon pou nou konn kòman pou nou lapriyè pou moun : 1 Timote 2 :1-3.

« Mwen voye byen lwenm bagay ki pou ta fèm peche kont Bondye, bagay ki pou ta fèm pa lapriyè pou moun ankò...». 1 Samyel 12:23.

Nap lapriyè tankou nou tap batay nan lespri.

Menm lè prens lemond lan, Satan, bare lespri moun ki poko kwè yo, lapriyè va louvri lespri yo epi va delivre moun ki anba kontwòl Satan, pou Bondye ka padone yo api pou yo rantre nan fanmi Bondye a. 2 Korentyen 4:4, Travay 26:18.

Fòk nou lapriyè pou Bondye kraze aksyon Satan ki kenbe anpil moun prizonye, Lapriyè pou Bondye voye lajan ak lòt bagay ki va itil pou fè levanjil la mache. Efezyen 6:12.

Mezanmi, pouvwa Satan tèlman fò ke Jezi mande pou nou lapriyè pou Bondye voye moun nan rekòt la. Voye moun lan vle di: presyon pou ale pi devan. 2 Korentyen 2:11, Matye 9:38.

Lè lapriyè a monte.

Bib la rakonte nou ke legliz primitiv tap pèseve nan lapriyè epi Bondye tap ajoute chak jou lòt moun ankò. Gras ak moun ki tap dirije yo, ki te bay you pil enpòtans ak lapriyè epi pawòl Bondye, Bondye te fè legliz grandi byen vit. Travay 2:42-47, 6:4-7.

Fòn sonje, si nap lapriyè dapre sa Bondye vle, nou pap bezwen pe repons nou nan wout. 1 Jan 5:14-15, Mak 11:24, Matye 18:19, Matye 7:7, Jeremi 33:3.

Pou nou fini, lapriyè, pandan nap site non pèp kote levanjil poko preche nan lemond.

Fè you rezo lapriyè pou tout ras sou la tè.
Priye pou peyi Aljeri
60.000 moun mouri nan lagè sivil
30.000.000 moun nan Lafrik nan nord
99,4% se mizilman, you poko tande
M Epi yap kontre kare san rete Bòn nouvèl la.

4. MEN DIFERAN MWAYEN MOUN

KA JWENN DELIVRANS.

Tout moun wap rankontre yo ka vin jwenn Jezi.

Nan Bib ou a, li sa:

1 Pyè 3:8-22. Danyèl 12:2-4

Men vèsè pou nou kenbe nan tèt nou:

Se pou nou toujou pare pou reponn a nenpèt moun ki va mande you rezon kife nou kwè konsa. 1 Pyè: 15.

Aprè, pale de bagay sa a:

Ki kekasyon ou ta poze you moun pou li ta reponn ou pa you lòt kote ou ta tou pwofite temwaye?

Fè sa a avan lòt bagay:

Sonje byen kòman Seyè a te fè ou vin kwè nan li ak kòman li te fè w fè sa.

Make li you kote epi kòmanse rakonte zanmi ou yo jouk ou rive pi alèz pou ou fè sa, san pale de la relijyon, nan mwens ke de minit.

Devwa pou w ka jwenn you diplòm:

Ekri nan mwens ke de paj sa parabòl anfan pwodij la te vle di, pale de moun ki pèdi yo ak ke Bondye genyen pou li restore yo.

Panse sou vèsè sa a mo pa mo:

2 Timote 1:7

Pyè, youn nan gran anwaye yo eki te pastè tou, te fè you, tanzantan, travay you bon evanjelis. Men lè w gade nan 1 Pyè 3:1-8, li louvri kè li kòm pastè epi nan vèsè 13 la li retounen pou bay legliz la ankourajman pou mache fè nanm pou Kris. Nou pwal swiv bon konsèy li a.

(1) Fòk nou kraze zafè krentif la

Ou konnen gen you legliz nan peyi Lespay kote fanm ak gason tap viv nan lari. Yo tap vole san yo pa enkyete de anyen, yo tap pran dwòg epi yo tap fè pwostitityon. Jezi te sove you bann ladan yo pa gwo mèvèy. Yo te gen abitud vòlè nan bank men lè lè a rive pou yo pale de Jezi, yo te vin gen you gwo laperèz tèlman moun te tande yo tap di:

"Moun pwal pase m nan betiz".

"Moun yo pwal kwè ke tèt mwen pati".

"Gen moun ki ka vin banm kou".

"Mwen pa renmen pou yo ta meprize m".

Bib la di nou ke Bondye pa ban nou you lespri pou nou gen laperèz men pou nou gen fòs, lanmou ak bon konprann. 2 Timote 1:7.

Kote laperèz sòti?

Kiyès ki pa vle nou pale de Jezi? Satan. Si nou lage nou bay Bondye, nap ka genbe tèt ak Dyab la. Li va kouri lwen nou. Jak 4:7.

(2) Fòk nou gen bon kè.

Nan kè nou se Jezi Kris ki pou an premye, kòm Seyè nou. Viv anba pouvwa Kris la vle di marye ak enterè li yo epi pran swen moun ki enpòtan pou li yo. Kisa nou konnen sou enterè Seyè Jezi Kris genyen?

- 1 "Paske pitit lòm nan vini chache ak sove moun ki pèdi yo" Lik 19:10.
- 2 "Lespri Seyè a sou mwen, paske li vide lwil sou mwen pou anonse Levanjil bay moun ki pòv yo. Lik 4:18
- 3 "Eske li pat kite katreven-diz-nèf lòt yo pou li ale nan dezè a al chache sila ki te pèdi a, jouk li jwenn li ? Lik 15:4.

Moun ki pèdi yo enpòtan anpil pou Jezi. Matye 9:36-38. Li byen vrè ke sou kabann avan li mouri you moun ka sove men li pi bon anko lè you moun tou jenn epi li pran desizyon pou swiv Kris la. Kiyès ki ka di konbyen moun sa ka sove mennen bay Jezi?

(3) Pyè te di ankò !

Fòk nou toujou pare pou n pale de Jezi nenpòt ki lè nan jou a oubyen lannwit lan. Ou ka toujou konte sou zafè ke Bondye ap jwenn kèk okazyon pou teste senserite ou.

O Zend, apre you long ak you jounen ki byen di nan chalè ak pousyè, you gwoup kretyen fatigue te chita pou bwè you ti kafe. Menm lè a, you Endou vin lage kò li nan pye yo. Yo konnen kiyès li te ye. Li mande si gen you moun ki ka mennen li bay Jezi se pat moman an, men sa nou panse li fè ? Se pou ou toujou pare!

(4) Eske ou pare?

Pyè di fòk nou toujou pare avan nou tanmen you goumen sise pasa yop bat nou. Nan ki fason nou ka prepare nou? Men you ekzanp, se pou nou prepare nou:

Nan lespri, lage ou nan lapriyè;

Nan Bib la, kwè ke Bondye gen bon kè, Pitit la ak Sentespri a.

Nan emosyon nou, nou pwal tandè you bann istwa tris, konsa se pou nou ret alekout- pou nou gen kè sansib jouk pou nou kriye.

Nan entelijans nou, paske gen plizyè wout pou nou sove tout kalite moun. Eske nou konnen sa yo ye?

Fok nou pare pou nou ale de pa de, avèk you bon plan, you mwayen pou nou kontinye swiv plan nou an, ak you bon prestans.

(5) Pyè itilize mo- chak moun.

Tout moun gen moun you prefere chita ak li ke you lòt. Men kanta zafè sove nanm lan, nou dwe jete prejije ak preferans nou yo. Pou Jezi, tout moun gen menm valè, youn an menm nivo, kèlkeswa klas ou ye. Bondye renmen tout moun menm jan.

(6) Fè yo rive poze kekasyon!

Eske ou ka kòmanse you konvèsasyon kap mennen moun yo mande ou, kòm ekzanp, ” Sa wap fè nan fen semen sa”? Oubyen ” Kote ou pwale fen semen sa?” Sa louvri pòt pou ou tou di kèk pawòl sou lafwa ou genyen oubyen sou legliz ou ye a.

Ide a se pou nou peche moun. Pou ou peche you pwason, fòk ou gen you vètè nan pwent zen an. Wè ki moun ou ka pran ak pasyans, pèseverans ak je ou byen fikse sou bon bagay ki genyen nan sèvi Bondye.

Bon bagay yo ka rive san zatann

Gen you pastè ki tap monte you tren. You jèn fi te chita pa twò lwen li te gen you gwo tous. Tout moun rale kò yo epi yap gade lòt kote, men pastè a ale kote li pou kalmel. Li di: mwen konnen sa ou santi paske mwen te gen you gwo tous tou. Aprè li tounen ale chita.

Pi ta, jèn fi a mande li kòman gwo tous a te rive kanpe. Nan de minit, pastè a rive esplike li lafwa ke li gen nan Bondye ki bay gerizon tou. Jèn fi a di li lap tounen vin wèl pita.

(7) Eske ou ka esplike esperans ke nou gen nan Bondye?

Lè ou rankontre you moun nan lari epi pawòl la vin tonbe sou lafwa nan Bondye, ou gen dwa pa gen anpil minit pou di li sa Jezi fè pou ou. Eske ou ka fè li? Poukisa ou pa kòmanse eseye ak zanmi ou yo, pale pandan youn ap kontwole tan an.

(8) Kontwole fason ou.

Manye ou ak souri ou yo kapab pale pi fò ke pawòl ou yo. Pyè di li bon pou fè diskisyon men ak dousè epi respè. Sa yo se kalite ra ke ou ka jwenn nan lemond ajite sa a.

(9) Finalman, se pou ou pare pou ou souffri.

Si se volonte Bondye, Pyè di, Se pou ou pare pou ou souffri pandan wap fè byen. Ou pwal jwenn moun ki pap vle tande w. Pa twouble si moun ap pase ou nan betiz. Tout bagay sa se pou Jezi wap ki mouri pou peche nou yo you fwa pou tout wap souffri yo, jis li te ye pou enjis yo, pou ka mennen nou bay Bondye.

You rezo lapriyè pou tout ras sou latè yo.

Lapriyè pou peyi Belgik
Paj 114 nan aktyalite sou mond la
Katyè Jeneral Inyon Lewòp la
Prèske 10.000.000 Ewopyen
Peyi ki byen endistriyalize, rich
Sèlman 0,32% evanjelis

5. KOMAN YON EVANJELIS VIV LA VI LI

Ki sak rann moun yo atantif?

Nan bib ou a li sa a:

Mak chapit 1

Men vèsè pou nou kenbe nan tèt nou:

Jezi te di: "Tan an fini, wayòm Bondye a prèt pou rive. Chanje konpòtman nou, epi kwe nan bòn nouvèl la". Mak 1:15.

Aprè sa, pale de bagay sa yo:

Teste nou youn ak lòt e pataje kèk vèsè ak keksyon nan fen leson an.

Sa pou n fè avan nou kòmanse lòt leson :

Lè a rive pou nou kòmanse fè tankou Jezi. Al nan you zòn ou pat janm ale avan epi kòmanse pale de bòn nouvèl la. Lapriyèe avan epi ale 2 pa 2.

Devwa pou nou fè avan yo ban nou diplòm lan:

Li tout levanjil yo nèt ak Ebre 5:7, epi ekri nan you fèy kaye lavi lapriyèe Jezi te konn mennen.

Fè you meditasyon sou vèsè sa mo aprè mo:

Ebre 2:3-4

Nan Mak 1:45, pawòl la di moun te sot tout kote pou vin wè Jezi. Yo pat vini pou yo ale legliz, ou nan you kwazad, ou nan you misyon pou bay moun èd sosyal. Yo te vini pou wè Jezi. Si nou konnen pou kisa yo tap chachel fè menm jan an tou, yo pral kontinye vini wèl nenpòt kote a.

1. Jezi te ret ouvè pou Sentespri a.

Jezi te koute Sentespri a, Mak 1:9-12. Li te obeyi li, li te bal kontwòl la vi li ak ministe li epi li te aji daprè sa li te montre li.

Poukisa sa te si enpòtan?

Jezi te viv tankou you moun ki pat konn tout bagay, tankou nou tout, li te konn santi fred, li te konn grangou, li te konn swaf, li te konn gen kè kontan ak gen tristès. Li te konn preche tankou you moun kip a konn tout bagay, men tankou you nonm ki te gen fòs Sentespri a. Nou kapab e nou dwe fè menm jan an tou. Lik 4:18

2. Jezi te kenbe tèt ak sa Dyab la vin ofri li.

Nan dezè a, Mak 1:13, Matye 4:1-11, Jezi te vin fèb e li te grangou lè Satan te vini tante li pou li te ka fè you abi ak pouvwa li pou l te ka fè wòch tounen pen.

Après sa, Satan te testel pou li te ka wè sil ta pechel pase sou la kwa. Après sa, Satan te tante Jezi pou pouse l fè lwanj pou tèt li. Men Jezi kenbe tèt devan chak tès Satan te pase l. Li te chwazi ret fidèl ak Bondye e ak plan li yo. Satan rale kol lè li wèl pèdi batay la.

3. Jezi te met predikasyon nan tèt aksyon li yo.

- 1 Li te di ke mesaj li ya te you bòn nouvèl.
- 2 Li te di ke wayòm Bondye a prèt pou rive.
- 3 Li te di ke tan an rive.
- 4 Li te di moun yo chanje lavi yo epi kwè. Mak 1:14.

Nou bay temwayaj tanzantan pou Jezi pafwa trè poze ou ak anpil afeksyon pandan lavi nou sou tè a men fòn konnen tou nou dwe leve pou nou fè fas ak moun sou zafè chanje fason yap viv la pou yo dakò ou non, pou yo ka tounen vin jwenn Bondye epi kwè.

Piga moun di piblik la pap dakò fè sa ki byen. Miguel Diaz te rasanble 3.000 moun, an piblik nan peyi Ekwatè. Nan zòn Pensakola, Legliz nan la Florid te jwenn 100.000 nanm nan 2 zan. Carlos Anacondia nan peyi Ajantin te temwen de plis de 8.000.000 nanm ki vin jwenn Kris. Tout bagay sa yo se gras a predikasyon levanjil.

4. Jezi te konnen tan Bondye a.

Jezi travay jouk rive laj trant tan. Lè Eròd te fè met Jan nan prizon, Bondye fè tan an rive. Jezi konnen ke tan an te rive. Aah! Kounye a nou gentan konnen pou ou veye pou nou ka konnen kilè Jezi va frapre nan pòt nou. Si nou kite jen louvri sou pawòl profesè yo, sou legliz, sou Izrayèl ak lòt je a sou sa kap rive nan mond lan. Konsa nap kapab konprann sak pase nan an. Mak 13:28-36, Matye 16:1-3.

- 1 Noye te konn lè tan rive a e li te konstwi gwo batiman an.
- 2 Moyiz te konnen tan an e li te mennen pèp Bondye a nan delivrans.
- 3 Danyèl te konnen tan an li te priye pou tout moun ki te nan dyaspora a tounen lakay yo.
- 4 Menm Bondye te konnen le tan rive paske li te voye Jezi.
- 5 Jezi te konnen tan an rive li te preche.

5. Jezi te mande pou lòt moun ede l.

Li pat fè anyen pou kòl. Mak 1:16-20. Moun yo te tande apèl Kris la te fè. Yo te obeyi san pran tan, yo te kite tout bagay pou swiv li. Yo te grandi tèren predikasyon konsa epi yo te pataje responsablite yo.

- 1 Jezi tèlman te kòmanse travay la.
- 2 Apre sa, vin gen douz moun anplis.
- 3 Apre li pase a 3.000.
- 4 Apre 3.000 vin pase a 5.000 moun.
- 5 Apre moun tout kote vin antre nan mouvman an.
- 6 Pou fini bòn nouvèl la simaye an Afrik, an Azi apati de la, li rive pi lwen toujou.

6. Jezi montre pouvwa Bondye a.

Li te chase demon. Mak 1:25.

Li te geri you kriz malarya. Mak 1:31

Li te geri anpil malad ak delivre anpil demon. Mak 1:33,39.

Li te geri you moun ki gen lèp. Mak 1:42.

Chak jou Jezi te montre pouvwa Bondye a, ki se lanmou ak konpasyon an aksyon, bri a te gaye byen vit, Mak 1:28, 45, a you pwen kote tout vil la te rasanble pou wè Jezi. Mak 1:33,37.

7. Jezi te bay vi li nan lapriyè.

Jezi pat fè lòt bagay ke sa Papa li fè, Jan 5:19. Pou sa, li te konsakre tan li pou li tandè Papa li. Kèkfwa, li te fè sa byen bonè nan maten, ou byen ta nan nwit lan, sèl ou nan mitan moun. Aprè sa, li te konnen sa li te dwe fè. Mak 1:35.

8. Jezi te bay tèt li pou ede moun.

Li te ka rete nan you sèl kote pou li te ka vini trè popilè men li te prefere deplase al nan bouk ki tou pre yo pou preche tou. Mak 1:37-38.

Jezi te renmen moun yo, menm ka kite pi difisil yo tankou moun ki gen demon yo, fanm ki te malad la ak nonm kite gen lèp la. Pou Jezi, touche pi plis moun ak lanmou Bondye se te you vokasyon. Rezilta a, moun sot tout kote pou vin jwenn li epi yo pat janm sispann fè sa.

Jezi se you nonm ki te konn preche moun eki te konn ede yo tou ak pouvwa Sentespri. Li te di nenpòt moun ki gen lafwa nan li, te ka fè menm bagay la, epi te ka rive fè menm plis. Tout sa se pouvwa Sentespri ke Jezi te voye ban nou an.

9. Gen kèk keksyon pou nou ta analize:

- 1 Ki plan ou genyen pou al chache nanm yo?
- 2 Ki angajman ou pran pou ou lapriyè?
- 3 Eske dakò pou kite don Sentespri yo aji?
- 4 Eske wap reponn "wi" ak apèl Jezi fè ou?
- 5 Eske ou rekonèt tan bondye a rive kounye a?
- 6 Eske predikasyon se you priorite pou ou?
- 7 Eske ou ret nan lapriyè pou ou ka reziste devan sa Satan ap fè ou yo, pandan wap fè lekti pawòl Bondye a epi pran bòn desizyon?
- 8 Eske ou te resevwa pouvwa Bondye a, lè ou te kwè pou premye fwa epi èske ou santi li plen lavi ou chak jou toujou ?

Pou fini, lapriyè, pandan wap site, pèp ki pi mal pou resevwa bòn nouvèl la nan mond lan.

You rezo lapriyè pou tout nasyon yo

Pran tan ou pou ou pase you minit sou jenou ou pou chanje mond lan.

Lapriyè pou Lamongoli

Operasyon Mond paj 389.

3.000.000 de Mongols.

Animis, boudis, atè.

Ka gen 1000 nouvo Kwayan.

Anpil nan soufrans ak eksplwatasyon.

6. Nenpòt ki Jan

“Pou nou sove fanmi nou ak zanmi nou yo, nou bezwen you predikasyon ki gen efè”

Li chapit sa nan bib la:

Pro. 24

Vèsè pou nou kenbe nan tèt nou:

Rom.1:16

Sijè pou nou pataje:

Eske se paragraf sa nou bezwen kom entwodiksyon? Eske nou kwè sa otè a di epi sa nou pral fè?

Travay pratik:

Fè you grafik fanmi w: paran, gran-paran, timoun, matant, Kouzen, chak moun ki toujou vivan. Al vizite pou pipiti senk nan yo, epi di yo sa wap fè. Pran san w gade pou wè si Papa a pap rele youn nan yo.

Nòt pou nou fè devwa:

Gade nechèl moun ki kwè nan levanjil yo. Ki kalite moun ou imajine ke chak liy ap pale, ekri you paragraf pou ou pale de chak.

Sa pou ou medite:

Rom 10:14-15

Nou divize limanite an plizyè kategori: blan ak moun ki lòt koulè, rich ak pòv, moun ki li ak sa ki pa konn anyen, Ameriken ak Indyen-Ameriken, moun nan solèy leve ak nan solèy kouche. Men Jezi fè you rale de tout kategori sa yo epi li divize lezòm nan de kategori sèlman: Moun ki rebèl ak levanjil ak moun ki obeyisan, moun ki fèt you fwa ak sa ki fèt de fwa. Chak moun nan youn ou lòt kote liy sa. Se you divizyon ki depase tan ak letènite (Stanley Jones de l'Inde).

1- Ki kè Bondye genyen?

Seyè a gen pasyans, li pa ta vle okenn nan nou peri, men pou tout moun rive chanje lavi yo. Fason Bondye fè sa se itilize nou kòm ouvriye ki ap travay ansanm ak li. Nou se kò Kris la, men li yo, pye li yo ak bouch Jezu sou tè a. 2 Pi 3-9.

2- Kote lòm ye nan tout sa?

Se vre lòm ka fèt nan you vil andeyò ou nan you vil trè devlope. Men pa janm panse moun ki fèt nan vil andeyò a pa konn Bondye. Tout moun jwenn yo nan you nivo diferan nan lafwa nan Bondye. Konsa, sa ki pi bon se wè nan ki nivo yo ye nan nechèl sa a epi fè sa ki pi bon pou ou pale yo de bòn nouvèl la.

- Krisyanis la? M janm tande pale de sa...
- Krisyanis la? Me wi tande pale de li, men sa liye menm?

- Mwen te tande levanjil.
- Mwen te konprann levanjil.
- Levanjil enpòtan pou mwen.
- Mwen bezwen padon ak lanmou Bondye.
- Fe efò pou resevwa Kris la.
- Lapriyè ak mwen pou m ka resevwa Kris la !
- Map refèchi !
- Me wi, mwen ta renmen asanble nan you legliz
- Me wi, mta renmen pale de levanjil ak lòt moun.

3- Sa nou ta dwe fè ?

Pòl se you bèl ekzanp pou nou swiv. Avèk jwif li te you jwif, avek payen yo li te fè kòm you payen, avèk fèb yo li te metel fèb pou l ka genyen kèk grenn nenpòt kòman. Se sak rele levanjil. 1Ko.9:19-23

Si you legliz kòmanse ap viv pou li menm olye li viv pou moun sou kote li yo, konsa se kòmansman you mo lant. Sèl evangelizasyon ka eksitan ak san ki ka rebay la vi ankò a legliz sa. Chak manm dwe chak jou you temwen.

4- Kòman ou ka komanse you evanjelizasyon pèsònèl?

Anpil moun ki kwè nan Bondye gen plis volonte, men ki kibò ou dwe kòmanse ?
Jezi mande pou nou ale de pa de, pa ale sèl, kon sa pran you moun ki gen menm sèks ak ou.

- 1 Nap aprann evanjelizasyon pi byen pandan nap fèl, konsa kòmmanse ale epi al ede lòt moun.
- 2 Nan you premye tan wè pwòp fanmi ou ak zanmi ou, moun ou anpil ak sak konnen ou pi byen. Yo petèt deja wè you chanjman nan lavi w epi yo dwe ap chache konnen sak fè sa.
- 3 Gen lafwa pou fanmi w ak zanmi ou, paske kòm moun ki pa kwè yo paka gen lafwa pou yo menm. Ke sa ou kwè kouvri yo.
- 4 Priye pou Sentespri a pran kontwòl la.
- 5 Pa sispann pale de Jezi. Di yo li konn geri, li konn beni ak padone moun, li toujou la kounye a ak ou pou ede ou. Mande lapriyè pou moun sa yo epi gade sa Seyè a va fè.
- 6 Montre moun lanmou Bondye pandan wap ofri yo you èd pratik depi sa nesèsè. I Jn 3:18.

Lapriyè pou fanmi yo, paske Bondye vle sa. Bay moun yo tan pou diskite ak fanmi yo pou ka mache dèyè Jezi ak fanmi yo. Ou ka wè tout byen entèrese epi menm opozisyon an ka sèvi pou you angajman serye. Act.16:31

5- KOMAN OU FE KONNEN AK KIYES POU OU PALE

Sekrè a se wè sa Bondye ap fè epi al jwenn yo. Kòman ou ka fè sa? Rom 3:10 di nou pa gen moun kap chache Bondye, epi Jezi di: Pyès moun pap vin jwenn mwen si Papa m pa rele yo. Jn 6:44.

Eske ou ka you siy ki pwouve ke Bondye a lè v?

Nou ka konprann apati de sa ke si you montre enterè pou Jezi se paske Papa a rele li. Si ou ta remake you ti kras foli, lage tout bagay pou vin jwenn Bondye. Se konsa wa konnen sa Papa ap fè. Li pa bezwen kouri dèyè you moun ki ap pran ti plezi li toujou. Kite li nan men Bondye epi ba li you ti tan. Mat 10:14

6- KOMAN YO LEGLIZ KA FE YOU TOUNE MISYONE?

Men twa fason general, Men toujou lapriyè epi fè Bondye konfyans pou mennen ou.

Evangelizasyon pa prezans

Se temwayaj la vi ki chanje yo epi bon chanjman ke Kris bay la. Men se pou ou sèten ke mand yo se moun ki kwè yo ye vre, paske moun ka remake vye konpòtman nan yo epi bay levanjil do. La vi nou ka sa sèlman moun bezwen pou konvèti wi. Bagay sosyal nap fè pou ede pòv yo, moun grangou yo, malad yo ak prizonye yo se you temwayaj byen pisans.

Evangelizasyon pa proklamasyon

Lè wap fè you evanjelizasyon konsa li dwe gen you diskou piblik sou levanjil ki lanse you defi pou mennen tout moun pran konsyans pou yo pran you desizyon. Isit la nou ka itilize predikasyon an, pale ak moun nan lari, fè kanpay, bay brochi ak trak e pase fim.

Evanjelizasyon pa pesyazyon

Nan 2Co.5:11, Pol pale de mennen moun kwè. Gen kèk legliz ki fè li pandan yap fè etid bibliik ou fè deba nan inivèsite ou kay manm yo. Yo itilize radio ak televizyon ou yo fè pòt a pòt pou prezante Jezi san rete epi mennen moun yo kwè pou yo asepte levanjil. Gen kèk legliz ki fòme manm li yo epi voye yo al fè misyon tankou Pòl te fè nan Travay.19:8

Anwo tout bagay sa yo, chak fòm evanjelizasyon pap anvigè ke nan mezi lapriyè ou fè, pale ak Bondye avan ou pale ak moun yo.

Lapriyè pou peyi Lejip

60.000.000 kap pale Arab la. 85% ladan yo se Mizilman, 13% se Ortodòks. Legliz la anba pèsèkasyon.

7. BYEN AME

“Pawòl Bondye, Sentespri Bondye ak pèp Bondye a, yo la tout pou ede”

Li vèsè sa yo:

2Tim.3:14-17; Lk4:18; Heb.12:1-3

Kenbe vèsè sa yo nan tèt ou:

Heb.13:6

Sijè pou nou pataje:

Kounye a ou konnen ke Bondye fè plan pou kenbe ou, ki diferans ou santi sa pral fè lè ou ap pale de Jezi?

Travay pratik:

Ranje kò ou pou pale ak you moun you ti gwoup ou nan you legliz sou Jezi epi fè you plan pou ou ka simen pawòl Bondye tankou you plant, Chache opotinite pou lèse Sentespri travay, pale de moun ki you bon pase ak you bon prezan nan fanmi Bondye a.

Nòt pou devwa:

Ekri gran liy mesaj ou pral bay la nan de bò you paj epi remèt li pou korije.

Medite sou sa:

1Ko.9:15–18

Nou pral pale de twa fason Bondye kapab soutni nou lè nou pale de Jezi ak moun swa an piblik ou prive. Li soutni gras ak pouvwa lapawòl li, pa pouvwa Sentespri li ak pa temwayaj ki pisan ke pèp li ap bay de li.

1- POUVWA LAPAWOL

Sans inik ke pawòl Bondye a genyen li pa sanble ak ankenn pawòl moun pale.

Li toujou gen valè epi efikas

Heb. 4:12; 1Pi 1:23; Travay. 7:38

Li ame nou nèt. 2Tim.3:6

Li akonpli travay li. Ez 55:1

Li tankou you mato kap frape, kap brize epi kap demoli wòch. Jer.23:29

Li travay nan moun. 2Tes.2:13

Se zam ke Sentespri itilize. Ef.6:17

Se tankou you grenn ou simen. Gage nan Mk4:12-20

Satan ap vole kèk nan semans yo

Li pa pèmèt kèk grandi

Lap fè sousi lavi antèrè kèk lòt.

Fòk ou konnen anpil moun ki tande pawòl la yo tankou you bon tè pou fè jaden, epi pawòl la fè yo donner 30, 60 ou 100 fwa plis. Wap konn kè jaden an, pi souvan, nan you bon tè, wòch ak pikan ka ret nan kwen, konsa fòk nou atann ke moun yo grandi nan verite.

Jezi di ke grenn yo ap pouse pou kò yo, tou dousman, lwen je moun, ti kras pa ti kras, jouk tan rekòt la rive. Konsa bon kiltivatè a simen epi tann ak pasyans. Aussi le bon fermier sème et attend avec patience. Mk 4:26-29

2- POUVWA SENTESPRI BONDYÉ A GENYEN

Li va soutni temwayaj ou y opa tout kalte siy ki pisans bondye le ou ap lapriye pou mou ki nan bezwen. Siy yo endike you wout, epi nan ka sa yo montre wout pou ale nan wayom Bondye a pou al nan lanmou li ak nan pwoteksyon li.

Ki siy nou ka ap tann pou nou wè ? Pandan nap site sa Ez 61:1-2, Jezi te di nan Lk 4:18 Ke lè ou preche levanjil bay pòv yo:

Kè ki brize yo ka geri
Prizonye yo ka jwenn libète
Avèg yo ka kòmanse wè
Esklav yo ka jwenn libète
Nou ka toujou jwenn gras nan Bondye

You jou Jan batis te nan prizon epi byen dekouraje, li menm ki pat wè pouvwa Bondye malgre li tap preche verite a, li te oblije voye you moun bò kot Jezi pou mana envoyé vers Jésus di li eske se li ki Mesi a, Jezi te di ke siy yo pwouve sa:

Malad yo geri epi move lespri yo soti nan moun yo
Moun ki paralize yo mache
Moun ki gen lèp yo pirifye
Moun ki soud yo tande pou premye fwa nan lavi yo
Mo yo leve vivan ankò
(Jn 10:41; Lk 7:20-23)

Jodi ya kretyen yo wè siy yo nan tout mond lan. Jezi vle fè menm bagay la pou ou lè ou lapriye pou moun nan non li. Aprè sa nou ka ajoute siy Jezi promèt yo nan Mk 16:17-20

Lang yo (youn nan don Sentespri a)

Pwotwksyon kont danje

Siy ki konfime pawòl li

Sa nou dwe fè apre? Swiv sa Jezi fè nan Travay.10:38

Kwè nou menm nan pwomès Jezi yo (Travay.1:8; Jn 14:12)

Swiv ekzanp lelgiz primitiv, ki tap preche lapawòl epi ki te ranpli ak Sentespri Bondye a nan plizyè okazyon; gade istwa yo nan liv travay la.

3- Temwayaj pèp Bondye a.

Malgre ipokrizi moun ki pa kwè yo ka repwoche legliz (sa ki pafwa vre epi nou pwofite mande padon pou sa) Nou ka toujou montre ke legliz malgre tou ap travay lè wap montre yo kèk konpòtman ki rive chanje, pandan wap kòmanse pa lavi pa ou.

Ou ka montre tou kòman gen you vrè lanmou nan mitan pèp Bondye a, ou ka montre lavi kèk gro gason ak fanm ki te viv lontan nan Bondye epi lòt ki ap viv tou nan tan kounye a; Wap wè moun yo respekte you gran ero kitap viv pou Bondye men yap jete ak lave men yo sak pa vo anyen di tou pandan yap pase yo nan betiz.

Pale de moun ki fè gwo refòm nan legliz la epi pale de lavi kèk gwo tankou:

William Wilberforce, ki te fè esklavaj sispann,
Shaftesbury ki batay pou pòv yo,
Dr Bernardo, ki ede anpil òfelen yo,
Booth, ki te kreye Ame di Sali,
Evèk Tutu, ki batay kont rasis.

Pale sou kèk gran moun ki tap modènize mond lan tankou:

David Livingstone, you misyonè ki tap chache;
Studd ki te viv epi mouri poutèt Afrika;
Taylor ki tap viv epi mouri pou koz Lachin;
Carey ki ta viv epi mouri pou koz peyi Lend;
Judson ki viv epi mouri pou koz Labimani; epi
Billy Graham ki preche anpil milyon moun,

Pale de moun kap fè bon travay pou ede moun yo

Depi yap pale sou ede moun ki grangou, ki pa jwenn anyen pou bwè, ki pa ka abiye, moun ki malad yo, moun ki san kay yo, ak prizonye yo, pèp Bondye a toujou prezan. Nan tout mond lan nèt kretyen yo ap travay byen di pou montre moun Bondye gen anpil lanmou, anpil fwa se gratis ou pafwa pou you grapday.

- ACET pran swen moun kap viv ak SIDA;
- Remar, Teen Challenge et Jackie Pullinger batay kont moun ki nan dwòg; epi
- Mè Teresa nan Calcutta te ede malad yo ak endijan yo
- Legliz nan peyi Afrik ki nan Sid, Laroumani, Polo yak peyi latino yo te konbat anpil enjistis
- Kretyen ki nan solèy kouche yo batay kont avòtman ak lòt mechanste nan sosyete a.

Malgre anpil echèk ak chit, kretyen yo ka leve tèt yo byen wo lè yo ta pase yo ekzamen, nenpòt kote epi nenpòt kilè. Apre anviwon 2000 an yap atake mal ak pèsekite yo, pèp Bondye a vivan toujou epi lap grandi ak you vitès nan mond lan ke moun pa janm wè. Ak konkou lapwòl Bondye ki byen vivan, pouvwa Sentespri Bondye a, epi lanmou ak pasyon pèp Bondye a, nou ka jis ret tann jouk Jezi tounen.

Lapriyè pou peyi Lend

900.000.000 Endou ak Mizilman.
Gen you ti gwoup kretyen kap grandi.
Li gen anpil moun ki poko tande levanjil.
Li gen anpil milyon moun ki pòv.

8. SIY AK PRODIJ

“Bondye touche ou”

Li vèsè sa:

Ekz.33:12-23; Travay:8

Vèsè pou nou kenbe nan tèt nou:

Travay.8:5-8

Sijè pou nou pataje:

Sa sa ta vle di jodi a an reyalite: Jezi se menm yè, jodi a ak pou tout tan ?

Travay pratik:

Byen, nou dwe ale kounye a ale epi fè tout sa ou sot aprann la. Mande Bondye pou li dirije ou nan kèk sitirasyon kote lap jwenn glwa ak manifeste prezans li.

Nòt pou devwa:

Fè lis tout evènman sinatirèl ki nan liv travay apòt yo.

Meditasyon:

Jn 14:12

Eske ou remake konbyen legliz primitiv la grandi rapidman nan kantite ak nan kalite?

- Te gen anpil lapriyè ak anpil desizyon ki gen kalite, travay.1
- Kantite: 3.000 manb, travay.2
- Yo te mennen lavi yo you lòt fason, travay.2:42-47
- Kantite: 5.000 moun, epi li te ka genyen tou 15.000 manb an tou, nan Travay.4:4
- Yo legiz ki pat tankou lòt yo, Travay.4:23-5:11
- Yo te ogmante rapid nan Travay.5:14
- Yo te you chèf san repwòch, Travay.6:1-6
- Yap grandi pa bann ak pa pakèt, Travay.6:1,7

Pouki sa te fèt konsa nan mitan you bann moun yo tap pèsekite epi ki pat gen gwo edikasyon? Youn nan rezon yo se paske te gen siy ak pwodij tan zan tan nan mitan yo. Men èske yo la toujou?

1 Emanyèl- Sa ki vle di Bondye ak nou

Aprè epòk ansyen testaman an kote ki te gen anpil si yak mèv`ey Bondye, vin gen nesans sovè nou an ki poze fondman mouvman kretyen yo ki pral lanse. Lè Jezi te vini te chaje siy, prodij, zanj, revelasyon, vizyon profetik ki te akonpayel. Lik ak Mat ch.1 et 2.

Pèp Bondye a

Ki sa ki distenge pèp Bondye ak lòt pèp sou la ya? Moyiz nan Ekzòd 33:15 te di ke sete prezans Bondye ki ak nou kifè nou you pèp moun paka konprann. San manke sa nou aprann ak lanati, nap viv pa revelasyon, konesans lan, ak chak pawòl ki sot nan bouch Bondye, pwovizyon sinatirèl ak entèkansyon Bondye nan zafè nou. Mat.4:4.

Jezi you ekzanp pou nou

Jezi pat sèlman fè volonte Bondye, li montre kòman Papa renmen ak pran swen moun, men li pase nou lòd pou nou ale ak li, epi rive menm fè plis. Jn 4:34, Heb.1:3; Jn 14:12; Mc 16:20; Act.1:8.

2- SA JEZI TE FE?

Anpil mirak ak gerizon

Pitit you nonm ki gen anpil lajan, Jn 4:46; bèl mè Pyè a kite geri, Mat.8:14; pirifikasyon nonm kite gen lèp la, Mat.8:3, nonm kite paralize a, Mat.9:12.

Lòt mirak ak gerizon

Nonm kite gen difikilte pou mache a te geri, Jn 5:5; nonm kite gen men sèch la, Mat.12:10; sèvitè santitryon an, Mat.8:5; fanm ki te gen pèt san an, Mat.9:20; nonm avèg la, Mat.9:27; gerizon Malkis la, Lk 22:51; pitit fi Sirofenisyen lan, Mat.15:22; moun soud ak bèbè yo kite geri a, Mk 7:33; nonm avèg la, Mat.20:30; Mk 10:46; 8:23; Jn 9:1; dis lepre yo, Lk 17:12; you fanm kite you lespri ki kokobe li, Lk 13:11; nonm ki te gen maladi idwopisi a Lk 14:2.

Li leve moun ki mouri yo

Pitit gason vèv la, Lk 7:11; pitit fi Jayiris la, Mat.9:18; Laza, Jn 11:1-44; pwop tèt pal, Lk 24:6; Jn 10:18.

Li delivre moun

Moun ki gen demon yo, Mat.12:22; 8:28; 9:32; Mk 1:26; timoun kite gen maladi linatik la, Mat.7:14

Li fè mirak nan lanati

Li kalme you tanpèt, Mat.28:6; li mache sou lanmè, Mat.14:25; li modi you pye figye, Mat.21:19; li fè disip yo wèl lè li fin resisite.

Li bay pwovizyon

Li fè dlo tounen diven, Jn 2:9; li fè moun kenbe anpil pwason, Lk 5:6; Jn 21:6; li bay manje ak 5.000 epi 4.000, Mat.15:14, 15:32; li peye lajan enpo, Mat.17:24.

Jezi se menm ye, jodiya, ak pou tout tan. Hé.13:8

3- TRAVAY BONDYE

Liv travay apot yo se liv etid Bondye bay legliz ki montre nou lavi sou tan premye legliz la. Liv Travay la gen 28 chapit aknan chapit sa yo ou ka wè kèk mirak, kèk siy ak pwodij ki te fèt nan tan sa.

Li te gen vizit Jezi souvan pou fè disip yo we li, li gen kote pouvwa Sentespri a ap manifè ki te konn parèt tou. Li te te gen pawòl Bondye pale menm, kèk pwofesi, kèk lot lang, kèk rèv, kèk vzyon, kèk kote yo pèdi kontwòl yo epi pèp la te oblije kwè.

Li te gen gerizon, delivrans, plen pouvwa Sentespri a, kèk bèl jijman Bondye ak anpil si yak pwodij. Men sa ki lavi kretyen nòmal la, pat gen vanjans, pat gen anyen ki etranj ou ki pat nòmal jan moun ta wèl jodi a.

Kèk lèt ki rakonte istwa (verite)

Pòl te apiyel anpil sou siy ak mirak gade Rom.15:17-20, Gal.3:5 et 2Tim.4:17. Heb 2:4 , epi Pyè tankou Jak te dakò sou pouvwa gerizon ke Bondye te bay, 1Pi 2:24, Jak.5:14-15. Nan ane 400 yo, you ansyen legliz ki rele Ogisten te ekri sou kèk mirak ki te fèt nan Afrik ki nan zòn nò a, konsa sa ta montre menm lè apot yo mouri ta toujou gen menm mirak sa yo toujou.

4- POUKISA GEN MIRAK?

Mirak pa you aksyon pou fè amize moun epi kè yo kase, yo pa la tou pou ba moun Bondye ap itilize a grad. Yo pa fèt ak pouvwa Satan, menm lè ou ta bay you opinyon sou psikoloji ou pa ka fè mirak fèt. Men se siy ki montre Bondye ap aji tou pre pèp li, epi yo se mwayen pou montre konpasyon Bondye pou moun kap soufri anba pouvwa demon yo. Mirak yo mennen moun dirèk sou wout lakwa ak pouvwa Jezi, Travay.5:12-14

5- KOMAN PREPARE WOUT POU MIRAK YO?

Premye bagay la pa janm bliye mande Jezi pou li fè pou nou sa li te fè yè, konsa lap konfime pawòl li pa kèk siy ki ka fèt rapidman oubyen apre tout bagay, Jk.4:2; Heb.13:8.

Sonje A2P yo pou Bondye ka ba w pouvwa li

Adorasyon, predikasyon ak lapriyè. Tankou disip yo, ale tout kote epi mande Seyè a pou li avèk ou, Mc 16:20.

Lapriyè pou peyi Maròk

30.000.000 Arab ak Bèbè.

99?8% se Mizilman, 400 Evanjelik.

Fotman kretyen anviwon 500 aprè Kris.

Kounye a li anba pèsikisyon.

9. GERI MALAD YO

“Ale jwenn Jezi kan ou va gen plis bezwen li”

Li vèsè sa a: Mat.8:17

Vèsè pou ou kenbe nan tèt ou:

1Pi 2:24

Sije pou nou pataje:

Gade lis moun ke Bondye ka itilize pou fè gerizon. Eske ou wè ou sou lis sa a? Si ou wè ou sak rete ou kounye a?

Travay pratik:

Mande Seyè a pou li mennen kote moun ki malad yo epi se pou ou sèten ke wap reponn sa li mande ou fè a ekzatamente, pou ou wè ou tande you moun, menm si se you etranje. Al kote yo, menm si yo pata kwè, Mande yo sa yo vle epi aji nan non Jezi.

Nòt pou fè devwa:

Li tout liv levanjil yo, epi fè you lis tout kote ke Jezi te rann li nan ministè li pou fè gerizon, epi di ki moun moun sa te ye, nan ki sikonstans sa te fèt epi kòman Jezi te fè gerizon sa a.

Vèsè pou ou medite:

Travay.14:8-10

1- MWEN SE SEYE SEL MET KI KA GERI OU LA

Mat.9:35 di nou ke Jezi te ale tout kote pou li al preche, fè ansèyman epi geri malad yo. Jan 14:12 di nou ke Jezi ap tann menm bagay la de tout moun ki gen lafwa nan li epi lap menm plis! Pòl ekri nan Women15:19 ke li te preche levanjil nèt ale, lè li di « nan lapawòl, nan fè zèv epi nan si yak pwodij ».

Jezi pase lòd pou disip yo “geri malad yo”, epi pa sèlman lapriyè pou yo. Anpil kretyen nan mond lan kòman Jezi kontinye ap geri nan lespri, nan kò, nan emosyon, ak menm nan kèk maryaj ak nan finans paske plan li pou nou se mennen kò nou, nanm nou ak lespri nou nan pèfeksyon nèt ale.

2-PAWOL GERIZON AN NAN TOUT BIB LA

Si ou ta dwe kole kèk etikèt sou tout paj bib la, mo ki ta kriye se lanmou ak gerizon Bondye.

Maladi se youn nan konsekans peche Adan ka Ev la, men depi nan kòmansman Bondye te pwomèt gras ak delivrans. Gen.3:15, 21.

Nan Ekzòd 3:7 nou wè ke Bondye te wè kri, doulè ak soufrans. Li konsène anpil pou li fè kichòy pandan lap travay nan you moun kap obeyi li epi kap fè sa li mande.

Lè ou gade Ekzòd 15:22-26 Seyè a montre pou premye fwa ke li se sila ki geri a. Li montre Moyiz you moso bwa kòm you imaj lakwa. Nou dwe jete moso bwa sa a nan dlo amè yo pou li ka vin dous.

Nan liv Nonb 21:4-9, koulèv tap mòde pèp Bondye a paske yo te peche. Konsa Seyè a di yo bay blese yo a do epi gade pi devan sou wout lavi. Se you imaj ki nan Ebre.12:2 ki mande nou voye kalkil nou jete epi met je nou sou Jezi. Fòk ou ta you kamèleyon nou pa gade nan de kote an menm tan, konsa nou dwe chache ki kote pou nou konsantre plis:fè dyagnostik ou konte sou pwomès Bondye yo.

Jòb te dwe pèsevere nan soufrans moun pat ka konprann li yo jouk lè Bondye rive geri li epi beni li de fwa plis (Job 42).

David te di pou nou pa bliye you sèl nan sa Bondye fè pou nou paske se li ki geri tout kalite maladi nou ka genyen (Ps 103:1-5.).

Malaki deklare ke Seyè a gen gerizon anba zèl li yo (Mal.3:20).

Jezi te vin akonpli sa Papa li te vle

Nan Ebre.10:9, genyen venn sis ekzanp diferan kote Jezi tap geri moun ki gen bezwen sa epi sa montre se te sa Papa li te vle (gade leson 42 pou you lis)

Genyen twa temwen ki pap bay manti ke nou ka kwè nan bib la ki prouve ke Jezi te geri malad yo.

- 1 Ezayi, pwofèt la pale sou Jezi anpil tan avan li te vini. Ou ka li kote sa ekri nan Ezayi 53:4-6.
- 2 You moun ki te wè ak je li Matye deklare ke sa pwofèt Ezayi a te ekri yo se pou kounye a nan Jezi. Ou ka li sa nan Mat.8:17.
- 3 Pyè ki te you temwen ki wè ak je li tou, te konsidere epòk Jezi a, deklare ke pwofesi a akonpli nèt kounye a. Gade 1Pi 2:24.

3-KOTE GERIZON PAM NAN?

“Levanjil nou an tou senp, sinaturèl, ki baze sou Kris epi ki la pou tout tan”.

Ou dwe kwè ke pawòl Bondye a di nou ke gerizon nou an te fèt nèt sou lakwa, gen de mil an depi sa te fèt. Se la ke nou dwe gade pou gerizon nou, se pa nan tan kap vini an. Nou te wè Jezi, nou kwè ak resevwa, pandan nap di mèsì pa lafwa, epi nap repoze, pandan nap pèmèt Seyè a akonpli kèk bagay.

4-ESKE SE YOU DON POU YOU MOUN OU POU TOUT MOUN?

Nan 1ko.12:9 anseye nou ke Sentespri a bay “anpil kado” gerizon pou malad yo. Kado gerizon yo anpil. Se pa you skado pou gerizon pou you sèl moun fè sa li pi pito non, fòk nou dakò gen anpil gason ak fanm ki gen plis lafwa ak plis onksyon pou ede lòt moun ak pouvwa gerizon an.

Nou tout ka geri malad yo.

Ou ka di ke lafwa ou two piti men, èske ou konnen nou tout moun ka gen you ministè gerizon ak gras Bondye ak apèl epi responsablite nou, konsa nou ka apiye sou lafwa nou genyen.

5-KI MOUN BONDYÈ KA ITILIZE POU FE GERIZON?

Gran apòt yo, gade 2 Ko.12:12

Pastè yo kap pran swen mouton yo, gade Ez.34; 4

Evanjelis ki gen zèl yo, gade travay.8:7

Pwofesè ki saj yo, gade Mk 16:20

Pwofèt Bondye yo, gade 1 Wa 17:21

Ansyen legliz yo, gade Jk.5:14

Dyak legliz yo, gade travay.6:5

Nenpòt manm legliz la, gade Mk 16:17.

6-KOMAN GERIZON AN FET?

Anba kontwòl Bondye, avèk dwati ak èd Bondye ou ka ekzèse you ministè gerizon pou malad yo nenpòt kote, nenpòt ki lè, se pa sèlman lè gen legliz ou byen reyinyon pou misyonè.

- 1 Pou sa fèt fòk ou dakò pou ou rayi maladi a.
- 2 Fòk ou dakò renmen moun sa yo anpil pou ou al pote ministè sa ba yo tanzantan.
- 3 Nenpòt kote sa posib, anseye moun pou yo gen lafwa pou yo menm epi lapriyè yo menm epi lapriyè tou tèt yo, si se pa sa, prete yo lafwa pa ou.
- 4 Imilye ou anba kontwòl Sentespri lè ou vle fè sa.
- 5 Mande Seyè a pou monte ou lapriyè, pa ekzanp: èske se you demon ou you maladi kap mal mennen moun sa?
- 6 Tanzantan mare pouvwa satan kap grandi enfimite sa nan non Jezi.
- 7 Pa pè lapriyè kont rasin maladi a epi pase li lòd pou li ale nan non Jezi, paske Jezi te gentan met rach la nan rasin lan.
- 8 Demare pouvwa Bondye nan lapriyè, ak nan enpozisyon men, si ou wè li enpòtan itilize lwil tou, Mk 6:13.
- 9 Kenbe la jouk ou jwenn viktwa. Jezi gen moun li lapriyè plis ke you fwa yo.

Lapriyè pou peyi larisi

154.000.000 moun.

11èm zon ore depi Eròp jouk Japon.

Après kominis lan fin tonbe,

Anpil krim ak difikilte vin parèt.

Anpil konvèsyon ap fèt dapre sa ki di.

10. CHASE DEMON YO

“Ou dwe konnen verite a epi li va delivre ou”

Vèsè pou nou li:

Gal.3:1-14 ak travay.8:1-25

Vèsè pou kenbe nan tèt nou:

I Jn 3:8

Sijè pou nou pataje:

Kisa Jezi te fè lè li te sou lakwa? Nou te padone, sove, geri, libere epi anrichi. Kenbe tèt akò tout sa Satan vle fè pou li vole nou yo.

Travay pratik:

Fè you kalkil sou pwòp lavi pa w pou ou ka dekouvri si gen you malediksyon kounye a ou depi lontan ladann? Al wè pastè ou la, kèk ansyen ou byen kèk moun kap lapriyè tout bon. Di yo sa ou panse ki nan lavi ou. Mande yo pou lapriyè pou ou. Konfese peche ou ak peche gran paran ou yo, epi ansanm, rele Bondye pou èd li. Sonje sa ke Bondye kenbe tèt ak moun ki gen gwo kòlèt men li fè gras ak moun ki bese tèt yo byen ba devan li.

Nòt pou devwa:

Fè you esè sou de paj dapre ekzanp ki bay deja yo sou kòman you nonm ka modi tèt li li menm.

Panse sou vèsè sa yo:

Nb.23:19-23

1-DELIVRE-NOU ANBA SATAN

Nan Gal.3:2-5, nou li Pòl te etone wè ki jan legliz yo fè bak ki konnen verite a byen pwòp, men tou ki te resevwa Sentespri a epi wè mirak li yo. Kounye a yap fè bak sou Seyè a, yo pèdi lajwa yo epi kwè nan you lòt levanjil. Yo tap fure tèt piton an jefò lèzòm ap fè pou konprann Bondye, epi yal met tèt yo ansanm ak moun ki etranje nan zafè levanjil. Pòl te jwenn rasin pwoblèm lan. (Gal.4:8-11; 5:7-12). Epi mande:

“Kiyès ki jete so sa nou”?

Mo ansousele a vle di: pale mal oubyen anvoute pa you seri lapriyè yap repete oubyen jete move so, woule ou pou kondwi ou nan kèk doktrin dyabolik.

Kèk fwa nou gen nan lavi nou, fanmi nou ak legliz nou ki fè nou malad epi pa gen lòt eksplikasyon natirèl ou espiyityèl ki ka satisfè moun.

Si se ka pa ou nan lavi paw, ou dwe sonje ke Bondye vle beni ou pa you lajwa ou janm santi, you sante san parèy, timoun yo, viktwa ou, pwoperite ou ak favè Bondye va sou ou. Det.28:1-14.

2-MEN ESKE YOU MOUN TE JETE YOU MOVE SO SOU OU?

Kèk siy move so se move bagay ki pi devan ka anpeche ou jwenn bebediksyon ke Bondye pwomèt yo, anipl konfizyon, wap rankontre kèk baryè envizib kap anpeche ou fè pwogrè ak kèk soufrans ki mechan anpil oubyen kap parèt tanzantan nan lavi ou, ak nan istwa fanmi ou. (Gade nan Det.28:14-66 pou sentom yo)

Aksidan kap fèt nan lavi ou, 28, 29

Pa ka fè pitit, pwoblèm fanm yo plis, 28:18

Povrete nèt ale, 17, 29, 47-48

Echèk sou echèk 38

Touye pwòp tèt ou oubyen mò avan lè (Joz.6:26; 1 Wa 16:34)

Imilyasyon, 25-44

Maryaj kraze, fanmi, panse ak emosyon,

34, 20; 28; 65; 30; 41

Maladi kap repete oubyen ou pran nan fanmi, 21, 22, 27, 35, 59, 61

kalamite, 33

Sa yo se ekzanp ki komin epi ki posib men kè move so pa toujou okazyone epi san ke viktim y opa vle dezobeyi Bondye vre.

3- KOT MALEDIKSYON SOTI?

Se Bondye menm ki te modi lòm pou:

Travay pou granmesi (Gen.3:17; 5:29)

Pwonmennen san li pa poze (Gen.4:14)

Esklavaj (Gen.9:25)

Total tèt chaje (Gen.11:1-9)

Ajan Satan yo

You malediksyon san rezon pa gen efè, men si you kretyen peche ak pwòp konviksyon li malediksyon ap pran efè menm kote a (Prov.26:2)

Nou ka modi tèt nou nou menm ak:

Pawòl ki afekte nanm nou (Prov.18:21)

Peche moral yo (Det.27:20-23)

Adorasyon pou fo dye yo (Det.27:15)

Enjistis (Det.27:17-18)

Twonpe paran nou yo (Det.27:16)

Neglijans nan travay Bondye (Jer.48:10)

Met espwa ou sou moun (Jer.17:5)

Manke moun pòv dega (Prov.28:27)

Vòlè Bondye (Mal.3:9)

Ak nan plizyè lòt fason.

Kèk lòt moun kon eseye modi nou tou

Ak you otorite san parèy, you abi fizik oubyen nan emosyon ou, lapriyè you lòt dye kote zansèt nou yo te gentan.

Liberasyon benediksyon yo se sèl Jezi ki ka fè sa kote li chanje malediksyon satanik yo pou benediksyon Bondye. Gal.3:13-16.

4-ECHANJ BONDYE FE SOU LAKWA POU NOU

Yo te krisifyel pou fot nou yo
Yo bat li pou sa nou fè mal yo
Yo te mal mennen li pou li te ban nou lapè
San li koule pou gerizon nou
Ezayi.53, 1Pi 2:24

Li tounen peche pou nou te ka vin bon moun.
Li pase nan lanmò pou ban nou lavi ki pap janm fini an.
Li tounen moun pòv pou nou ka vin you moun rich.
Li te endijan pou nou te ka vin you moun ki gen relasyon.
2Ko.5:2; Heb.2:9; Rom.6:23; 2Ko.8:9; Ef.1:5-6.

Nan plas malediksyon, nou jwenn you pakèt benediksyon,

Nan plas travay gratis, nan Jezi travay nou pap pou gran mesi. 1Ko.15:58

Nan plas tounen an won, nou konn kote nou pwale. Mat.28:19

Nan plas you vye esklav nou vin you moun ki gen klas. Fil.2:6.

Nan plas pou nou vin diaspora, nou vin you gran fanmi ki ini nan tout mond lan nan pwisans.
Gen.11:6

Nan plas tèt chaje nou vin jwenn benediksyon Abraram pou tout peyi yo. Gen.12:1-3.

Kòman Abraram te beni?

Abraram te beni nan tout Sa li fè

Nou beni tou pa pwomès Sentespri a ki fè nou vin kapab akonpli plan Bondye pou nasyon yo.
Gen.24:1, Travay.1:8

5-SET PA POU LIBERE TET OU ANBA MADICHON

Move so se travay move lespri yo ki ap tann nou bay move pawòl pou yo aji. Ann li nan I Jan 4:4 et 3:8. Lè ou lapriyè nan non ak nan otorite Jezi ou kraze tout aksyon satan yo. Mande frè ak sè ki gen konfyans nan ou yo, epi ki renmen ou pou yo lapriyè an fonksyon de 7 R sa yo ansanm ak ou.

Dakò ke sous pwoblèm nan pa fizik.

Chanje konpòtman ou sa ki te pèmèt pwoblèm antre, Mande Bondye èd pou ou fè sa, epi chwazi swiv Jezi kòm Sove ak sèl mèt.

Jwenn padon nan non Jezi epi, padone sa ki te fè ou mal epi kite mal mennen w nan non Jezi.

Bay Satan vag ak tout zafè li yo.

Fè Satan sonje san Jezi te koule pou defèt li sou lakwa.

Mande zanmi ou yo pou yo kòmande tout aksyon Satan, mande pou tout pouvwa mechanste kouri ale epi pase lòd pou tout chenn madichon kraze nan non Jezi.

Chaje lavi ou ak Sentespri Bondye epi louwe Jezi toutan, viv nan pawòl la ak Sentespri Bondye.

Lapriyè pou peyi Mali

33 gwoup etnik, moun ki konn li 10%,

86% se Mizilman, 4% se Kreyen.

Tout nèt nan mizè.

KOMAN OU KA LOUVRI LEKOL ETID BIB PAW

San depanse anpil lajan

Si ou wè lis leson yo mwenn espere ke sa eksite ou pou ou ta met you lokol biblik nan legliz ou a, selil ou misyon. Se you desizyon ke ou pap regrèt.

Sa pou ou fè?

Men youn nan repons ki posib yo, toujou sonje pwomès Bondye yo, si wap chache li nan tout sa wap fè, li va gide ou nan bon wout. Gade provèb 3,5-6

Nou pare pou ede ou mete an plas you sant fòmasyon tankou pa 2Timote 2.2 paske nou konnen avantaj finansye sistèm sa genyen. Ou ka voye you kouryel pou ou mande enfòmasyon ak kèk konsèy.

Keksyon yo poze tanzantan.

Eske nou bezwen you kay apa?

Anpil moun panse ke you lekòl labib dwe gen you gwo kay ak you kwa sou li. Jan de kou pa nou an evite ou depanse anpil lajan, nou fè li pou ka kòmanse menm an dedan kay ou, you gran chanm oubyen menm anba gwo pye bwa yo, sa ka fèt ak you ti kras lajan. Sa enpòtan anpil pou kretyen yo kap viv nan you peyi pòv oubyen nan you peyi kote yap maltrete kretyen. Eske ou konnen pandan plis ke 400 zan aprè lanmò Jezi kretyen yo pat gen kay pou lekòl labib oubyen kay nou rele legliz kounye a, malgre tou legliz la te grandi byen vit.

Pawòl ki nan 2 Timote 2:2 mache anpil:

Ann pran you ekzanp kote yon non map anseye 10 moun lakay li ou nan you lòt kote ki reponn a sa.

Konsa se 11 moun ki konnen pawòl Bondye a la. Chak moun sa yo al ouvè you kou lakay pa yo.

Kounye a byen vit se 111 moun ki konnen pawòl Bondye a.

Si chak moun nan 100 moun sa yo fè you gwoup tou la kay yo

Gade byen kounye a se 1,111 moun ki vin konn bòn nouvèl la, epi san gwo lajan.

Sa rele fòmasyon pa multiplikasyon. Chif yo ka diferan men se you prensip ki mache nan tout mond lan epi li jwenn siksè. Gade tou leson 66. « You legliz kap fòme disip yo »

Kiyès ki ta dwe vin nan kou sa

Bondye va gide ou nan lapriyè kòm pastè pwofesè, men chache moun ki gen kè cho ouvèti ak tout kè yo, paske fidelite vo plis ke lajan ak levasyon, chache moun ki ka vin vrè zanmi ou. Lapriyè pou Bondye voye pou ou moun ki dakò ak sa ou kwè epi soufrans ou, ki dakò vin sere

ran ak ou epi kap travay anba kontwòl ou. Di non ak tout moun ou gen dout sou yo, lè ou fin lapriyè. Fè temwayaj Sentespri a Bondye a bay lespri ou konfyans, li pap janm ba ou manti.

Sonje se sèlman 12 moun ke Jezi te chwazi pou ret kote li ak pou disip ki pi prè li.

Li pa necesè pou ou gen plis. Chwazi sèlman kèk grenn pou ou kòmanse, chwazi yo byen epi tout bagay ap mache byen. Anpil lòt moun ap vin jwenn ou lè bri a kouri, sa ap ba ou tan pou vin pi fò nan teknik ansèyman an epi wap abitye pran swen yo epi sa ap fòme kèk premye etidyan kòm asistan lòt kou yo.

Kijan pou ou kòmanse?

Etidye nòt sa yo ak atansyon jouk ou rive konnen ak kè ou. Nòt sa yo ap pèmèt ou konprann prensip ki senp ki gide Jezi ak Pòl pou ogmante kantite manb legliz te genyen nan tan pa yo a.

1. Lapriyè pou konnen ki lè wap kòmanse
2. Pandan tan sa, pran tan ou pou etidye kou yo ou menm
3. Aprè tankou Jezi, aprè ou fin fè anpil lapriyè,
4. Chwazi epi envite etidyan ou yo
5. Pran you li ki bon pou nou rankontre

Nou eseye tout sa yo deja nan lòt peyi epi yo jwenn sikse:

Yon fwa pa semèn pandan 2 zan, se 2 trimès ki gen 13 semèn + youn ki gen 14 trimès ak 14 semèn ak 3 semèn pou poz pou nwèl, 3 semèn pou fèt delivrans lan ak 6 semèn pou sezon mwason yo.

Oubyen 2 leson pa semèn nan 1 an

Oubyen 2 mwa kou ak 2 mwa repo

Se ou ki pou deside sa kap bon pou ou
Kòman pou dirije klas yo

- 1 Pran tan ou pou prepare leson yo davans. Si ou pa fèl tout moun ap ou kay lapriyè pou tou konnen. Pran 2 zèd tan pa sesyon.
- 2 Fè fotokopi leson yo davans, sinon etidyan ap oblije pran nòt si yo ka ekri oubyen travay di pou yo sonje.
- 3 Se pou ou you kay lapriyè pou tout peyi, Kòmanse ak louwanj, adorasyon epi lapriyè. som 100.
- 4 Pran tan pou ou lapriyè pou peyi ki parèt nan leson yo. You etidyan ka chak fwa prepare you ti ekspoze sou peyi a epi dirije lapriyè a.
- 5 Apre sa aprann vèsè ou dwe konnen pa kè yo ansanm se va you bon abitud.
- 6 Pran tan ou li vèsè ki parèt yo byen fò nan lang tout moun pale a nan peyi a.
- 7 Anseye leson an pandan wap pran tan chache tout vèsè yo ki nan bib la. Al gade kote ki pale sou kòman pou fè ansèyman.
- 8 Aprè sa, kite moun yo fè deba sou keksyon yo, pa janm pran deba pou kont ou. Ou dwe fè you sijesyon pou kòmanse chak leson.

- 9 Fè you ti eksplikasyon pratik bay etidyan yo. Reyisit kou a nan pran konesans ti kras pa ti kras se pa reyisit akademik oubyen bat pa kè ki enpòtan.
- 10 Pa kite ankenn etidyan kontinye kou yo si li pa fè travay pratik yo, a mwen ke li gen you motivasyon kòm maladi. Chak etidyan dwe gen you kanè nòt nan men li pou li make rezilta li yo ak kilò li resevwa yo. Fok ou siyen kanè a chak semèn lè ou wè li.
- 11 Fòk ou al reflechi lakay ou sou kou yo pou ou ka jwenn richès ki gen nan pawòl Bondye a.
- 12 Eksplike devwa ekri yo pou etidyan ki vle jwenn you diplòm. Fòk ou pran nòt epi remèt devwa ki dwe konsève pou ka montre lòt moun li pi devan.
- 13 Avan tout bagay pran tan ou pou pale ak Seyè a, pran tan ou pou pale ak lòt kretyen ak nan aprann yo pawòl Bondye a. Pa janm twò serye. Fè ti ri epi manje ak yo kòm frè ak zanmi.

Konbyen kòb etidyan yo dwe peye pou kou yo?

Nou bay kou sa a gratis, menm jan Jezi te di: ou te resevwa gratis, bay gratis tou.

Mat 10:8

Fòk nou byen sèten ke etidyan yo peye pou frè yo ak kaye yo.

Men tanpri souple pa vann pawòl Bondye a.

Eske kalite kou sa yo efikas anpil ?

Nan lane 1983, Miguel Diez ak madanm li lapriyè, epi yo te kòmanse ap preche nan lari vil peyi Lespay yo. Anpil dwogè, fanm ki nan kafe ak anpil kriminèl te sove. Si ou mete ou a fè epi aplike menm presip evanjelizasyon yo, sèvis pou Bondye ak ekonomi wayòm nan. Nouvo disip yo te travay pou fè lajan pou gwoup yo a pandan yap bay temwayaj lajounen kou lannwit. Jodiya lè kèk legliz peyi Lespay gen 50 manb, pou pipiti., Miguel gen you legliz ki gen plis ke 25,000 manb ak misyon nan plis ke 50 peyi.

Jan Jozèf nan peyi Lend wè menm rezilta yo parèt devan li avèk jèn etidyan li yo ki pati ale nan zòn andeyò yo ak nan komin izole yo ak leson sa yo. Eske sa te mache? Apre plis 4,000.000 moun ki li sit nou an depi 1999, gen plis lekòl ki louvri nan tout kwen nan mond lan. Temwayaj yo klè. Sa mache, epi li va mache pou ou tou.

Kòman ansèyman kap fèt ?

Fòk ou pa depase plis ke 1ne debou devan etidyan yo ap fè you diskou san rete.

Men wi, you leson ke you moun tande lap kenbe 25% ladann oubyen piti. Kan rezilta yo parèt klè pousantaj la ka monte jouk rive 50% oubyen plis. Men tou lè you moun aprann fè you bagay pou tèt li, bagay sa pèsonn pa janm bliye.

Konsantre ou sou bagay sa a:

Anpil moun paka konsantre yo plis ke 20 minit, konsa fè ti poz tanzantan. Mande ak moun yo pou yo repete sa yo sot aprann. Fè yo fè you mache, fè you ti kanpe, fè ti teyat, sa bon pou fè moun pran fòs yo ankò. Depi ou ap kreye, sa bon pou lavi a.

Pase you bon tan ansanm

Fè you ti poz apre chak sesyon, pran you ti kafe ansanm, fè ti blag ansanm, manje ti bonbon nou, pa bliye bwè ti bweson nou byen glase. Bay ti sirèt pandan wap fè kou a epi menm kote a wap fè zanmi tou wi.

Chanje jan wap fè kou a tanzantan

Bagay ki blese moun sa pa janm soti nan memwa. Fè tout moun patisipe tou tan ou kapab. Kite etidyan yo fè ti pyès teyat yo, kite yo chante ou fè jès pou montre sa yo panse. Itilize you tablo nwa, refè desen kèk kat jeografik, vin ak kèk bagay pou ou ka montre sa wap pale a. Itilize mizik, kèk videyo, kèk reprezantasyon ou menm kèk fim si ou ka jwenn. Fè etidyan yo travay pa ti gwoup oubyen fè deba sou kèk pwèn espesifik.

Pa janm bliye pratike sa 2 Timote 2:2 di epi fè sa ou kapab pou etidyan ou yo ka fè pase sa yo konnen ak lòt moun tou. Konsa pawòl la ap pwopaje rapid epi pran bon rasin.

KIYES NOU YE?

Sa kòmanse nan lane 1985 ak you gwoup zanmi ak kolèg nan peyi Angletè ak nan tout mond lan. Paj sa yo wap gade la sou entènèt la, nan mitan mache 21yèm syèk la, rive touche plis ke 6 milyon vizit oubyen « entèrese ».

Se kòm si se sa nou te mèt devan magazen nou an pou nou pale moun de lafwa nou ak zèv nou. Se sa nou reflekte kòm aktivite mondyal chak jou nan lapriyè pou:

- Kreyasyon lòt misyon ak legliz
- Kou gratis yo, responsab yo ak tout lòt moun ki entèresè
- Ed bay pòv yo, vèv yo, òfelen ak moun ki viktim nan sida
- Kreyasyon ti biznis pou fè moun fè lajan pou viv

Nou pa gen chèf, ni ansyen ni konstitisyon ke bib la, men nap travay ansanm epi pran desizyon nan tèt ansanm ak kè kontan epi respè pou misyon chak moun.

Kiyès nou ye?

Nan mitan travay sa wap jwenn Les ak Pila Noman nan peyi Angletè. Yo se responsab pou ekri etid ak pwezi yo, se yo ki ekri paj jounal yo. Pila, depi nan kay yo nan peyi Angletè, se responsab lapriyè, resevwa moun ak soutyen moral.

Les se Angle epi Pila se Panyòl yo gen 55 an ak 3 timoun. Pi gran an James gen 33an, David gen 31an ak pi piti a Elizabet gen 16 an. Pandan 25 dènye sa yo, yo travay ak gason ak fanm ki gen tout laj, tout denominasyon, tout ras ak koulè pandan yap sèvi yo nan respè misyon yo pou pòv yo, demini yo ak endijan nan mond sa.

"Sa se te travay lavi nou depi ke nou deside swiv Kris la genyen anpil ane epi pi bèl rekonpans nou se wè moun yo pote lanmou Bondye tout kote nenpòt kote pandan yap ede moun ki pa kabab yo, ke se nan mitan vil yo oubyen nan fon andeyò yo."

Lè nou nan peyi Angletè nan baz nou, ou jwenn kay nou an nan bò you bouk ki gen 24 kay ladann. Nan peyi Lespay fanmi nou ap viv nan Baselòn epi nan peyi Valans. Nou menm nap swiv apèl Kris la epi nou santi nou gen privilèj pou nou antoure ak anpil gason ak fanm ki pare pou swiv nou nan pwòp biznis nou.

Les gen you doktora ak you metriz epi Pila se you pwof kalifye. Pila se you kretyen depi 36 zan. Travay yo se you repons ak apèl Bondye epi kòm anpil kretyen nan misyon yo fè konfyans ak Bondye pou bay yo sa yap gen bezwen chak jou, èd pou fanmi yo ak travay yo.

Anpil etidyan nou yo ak lektè nan plis ke 100 peyi kontribye nan you ti sèk zanmitaj byen fidèl. Nou vrèman rekonesan ak yo menm pou kado ak zanmitaj sa. Nou soti nan you pakèt nasyon, egliz, lang ak kilti ke li pratikman enposib pou rankontre youn ak lòt, konsa nou gade kontak pa entènèt, telefòn ak kèk vizit si sa posib. Nap pataje menm lafwa, menm valè ak reponn ak apèl Kris la pou fè travay li nan respè lang pan ou an, sa se kilti ak sitirasyon sosyal nou. Nou se kretyen ak evanjelis nan sa nou kwè.

Si ou vle vin jwenn nou, nou pare pou akeyi ou ak lafwa ou a, zanmitaj ou, lang ou, ak tout kado lapriyè ou yo, relijyon ou an, jan ou resevwa moun lakay ou ak kado pèsonèl. Nan pataj vizyon nou ak idantite nou ou va jwenn ankourajman pou bay bòn nouvèl levanjil la ak pote sekou bay sak pa kapab yo nan respè kilti tout moun.

Ansanm nou ka fè plis pou Jezi ak moun sou planèt sa.

Asosiyasyon DCI la

Oganizasyon bay kay, liv, chamo, swen pou timoun, beka, odinatè, rad, bèf, jaden, fim, manje, dlo potab, travay, medikaman, semans, lekòl, linèt, zouti, fòmasyon jouk nan lisans, transpò, chèz, li pa gen ni dèt ni ekonomi tout mou nap travay nan kay la pou fè frè yo vin pi piti. Nou pa fè apèl pou mande lajan, ni ranmase lajan nan piblik, nou pa janm pran lajan pou you sèvis, tan nou ak you vizit; men èd ou ak don ou yo toujou byen rive epi ede bouche anpil twou.

Non DCI soti nan bib la nan Women 1.1 kote Pòl ap pale de li tankou: ‘Doulos Christou Iesou’ yon sèvitè Kris la, yon non ki fè nou rete nan plas nou.

Kou nap bay kretyen nan mond lan

Se you lekòl fòmasyon san mi ni fwontyè oubyen frè enskripsyon. Nou te resevwa gratis, epi gratis nou rebay. Nou lanse etid sa a nan 1987 ki jwenn baz li nan liv travay apot yo nan chapit 19,1-20 ak nan Timote 2.2. Paj sa yo tout moun ka jwenn yo sou nèt la ak nan plizyè lekòl nan mond lan.

Jounal misyonè a

Yo te mete li an plas nan ane 1999 kounye a li nan plizyè lang kòm youn nan paj yo pi prefere yo nan sa ki gen enfòmasyon kretyen sou entènèt la, kounye a nou rive sou 6 milyon moun ki vizite nou.

© DCI Le Réseau Global des Chrétiens

www.dci.org.uk

Kòman mka louvri you lekòl?

Liv pou lidè yo

Kibò pou nou kòmanse?

Eske mwen ka jwenn yon diplòm?

Pou lide yo ak sipevizè yo

Kòman mwen ka louvri you lekòl?

Keksyon ou yo ak repons ou yo pa imel

Kòman mwen ka fè you lekòl bat ranman pou misyon an?

Kibò pou nou kòmanse?

Eske mwen dwe enskri nan lekòl la?

Non w pa bezwen sa. Nou pa gen fòmilè aplikasyon pou moun ranpli, nou aksepte ou kòm etidyan nou epi nou pare pou ede ou. Kou sa yo se kou orijinal nan peyi nou Angletè. Materyèl sa yo gratis pou tout koulè, tout ras, ak milye socio kiltirèl. Yo anseye yo nan plizyè legliz ak klas nan tout mond lan. Sa se kado pa nou.

Eske ou ka voye kou yo pou nou pa lapòs?

Nou dezole men nou pa ka fè sa akòz pri enprimri yo epi voye pa lapòs you pakèt bwat ap koute anpil lajan, nou patap ka ba ou kou yo gratis apre tout depans sa yo. Ou ka dechaje leson yo nan 10 minit anviwon epi enprime yo lè ou va gen bezwen yo.

Eske mwen ka fè kou sa yo pa korespondans?

Nou vrèman dezole men nou pa gen ase moun pou kapab li ak reponn ak tout milyè lèt etidyan yo ta ap voye, nou deside ofri you kou senp pou nou swiv, espesyalman si ou gen you sipevizè.

Li you sa tou piti...

Konbyen kou sa yo koute?

Ou pa gen 5 kòb pou ou bay. Se gratis, pa gen sipriz, ni kondisyon, ni kat kredi. Se gratis.

Vèsyon entènèt ekòl misyon an ak tan nou pou ede ou pou kòmanse tout se gratis. You kou parèy, se pa pa nou an, nan peyi grann bretay, tap koute ou anviwon £2,500 / \$4,000/ 160,000 HTG epi ou tap gen you kòb konsa pou peye pou kay ak manje. Ou konprann kounye a valè kado sa. Nan okenn moman, pyès moun ki nan rezo DCI la rezo kretyen ki nan mond lan pap vin mande ou lajan, ni nimewo kat kredi ou, oubyen chèk oubyen frè pou li etidye. Si you jou sa ta rive, ou mèt tou konnen moun sa pa nan rezo DCI ankò epi sonje ou pa dwe peye anyen bay pyès moun pou materyèl etid yo. Jamè.

Kisa mwen dwe fè lè wap kòmanse yon leson?

Fleksibilite a pou se kle pa nou. Tan ke wap fè travay la, lòd la pa pi enpòtan. Materyèl etid ki pi enpòtan an pou chak paj se kòmanse fè rechèch ak kalkile sou sijè yo. Apre sa nou mete aksan sou li bib la epi fè dyalòg. Nou mande ou pou fè you redaksyon epi nap mande ou tou pou ou fè you bagay pratik kap fè ou sot nan teyori pou vini nan pratik.

Apwoche chak leson jan sa fè ou plezi, men èske m ka bay you ide? Eseye bagay sa:

- 1 Fè lekti bib la pou ou ka wè kontèks la.
- 2 Leson an.
- 3 Vèsè pou kenbe pa kè a.
- 4 Fè you ti kalkil sou vèsè yo ba ou a.
- 5 Sa yo ba ou ekri yo.
- 6 Sou travay pratik yo.
- 7 Sou dyalòg yo.
- 8 Pa janm bliye lapriyè lè wap kòmanse epi lè wap fini.

Sonje ke ou ka pou kont ou lè wap fè leson yo, pa gen pwoblèm pou sa, kèk atik tankou “Pale de bagay sa...” fèt pou you ti gwoup moun. Mwen sèten ke fanmi ou yo ak zanmi ou yo va kontan tande ou ap pale de sa ou dekouvri. Ou pa dwe fè tout leson yo you sèl kou, anpil fwa etidyan yo pase tout tan yo nan you sèl leson.

Eske mwen paka fè sèlman you pati nan pwogram etid sa?

Mè wi, pa gen pwoblèm! Chwazi tout sijè ou vle yo. Si wap fè kou a okonplè, ou ka fè li nan li lòd ki fè ou plezi. Ou ka kòmanse nan kòmansman leson yo (nan fason ou konte) oubyen chwazi bout ki pi entèrese ou a.

Eske mwen dwe fè nenpòt kijan devwa pratik yo ak sa ki ekri yo?

Non, ou pa oblije. Wap gen plis konpreyansyon de leson yo si ou fè tout devwa yo. Kèk moun kontante yo pou yon seksyon de devosyon ou. Nan kèk lòt ka ki moun ki pa ekri anglè oubyen menm nan lang manman ak papa yo. Nan kèk peyi kote bagay yo rès, si you moun deside pratike devwa yo, you ka mete you nan prizon. Nou pata vle wè sa rive pèsòn.

Li ta bon pandan ou nan kou a ap prepare pwojè pou ou fè pratik ou ta pale sa ak pastè ou a, epi ou ta mande li si li pare pou li ba ou fè kèk staj oubyen ba ou kèk responsablite nan legliz la, nap pran you ekzanp de zè pou chak etid. Si se pou you Sètifika ou enskri fòk ou kenbe you lis travay ou fè ak kèk moman ou bay pou eksperyans ou sa toujou bon anpil.

Eske map bezwen liv achte epi konbyen sa ap koute?

Sèl liv wap bezwen se you Bib ki nouvo epi ki nan lang ou.

Nan konbyen tan mwen ka fini ak kou sa yo?

Nou panse ke tout leson yo, devwa yo ak pratik travay yo ta dwe pran de zan pou pi plis sa ki nòmal.

Konbyen tan nou ka bezwen pou nou fè 85 leson yo?

Anpil moun fè you leson pa semèn epi pran tan yo pou byen konprann chak pati. Anpil lòt ap fè you leson chak 3 oubyen 4 jou. You leson pa jou pap bon lap you ti kras difisil pou paske ou pap

ka byen sezi sa ou vle aprann lan. Fòk ou bay tèt ou you ti tan ak espas pou sa bib la di a ka antre byen nan lespri ou epi pran rasin nan kè ou ak nanm ou epi ou bezwen tan pou ou fè devwa ou yo ak fè pratik travay ou yo. Si ou ale twò rapid, ou pap jwenn anyen nan sa wap aprann yo.

Eske map jwenn you diplòm?

Eske ou ka bay you diplòm nan peyi Angletè?

Nou regrèt anpil paske se sèl pwòp etidyan nou nou bay diplòm, men nou pral eksplike ou kòman ou ka jwenn you bon diplòm nan peyi ou la.

Paj Espesyal pou zafè Diplòm: www.dci.org.uk

Kòman mwen ka resevwa you diplòm?

Sa pa difisil. Nap pran you ekzanp, Anpil legliz, misyon yo ak lekòl bibliik yo kap itilize leson sa yo bay pwòp diplòm ak etidyan ki reyisi yo. Diplòm sa yo te asepte pa lòt legliz yo, pa otorite yo, moun kap bay travay yo ak otorite sivil yo ki nan zòn yo bay yo ya, paske ou ka gade si yo byen fasil.

PREMYE ETAP: Si ou vle etidye kou nan you fason ki gen disiplin pou jwenn you diplòm lè ou fin etidye, avan ou kòmanse fòk ou ta pale ak pastè ou la, responsab misyon ou yo, legliz ou lekòl ou a epi eksplike yo kou a. Mande li aprè si li ap dakò pou yo ba ou lè ou va fini kou a anba sipèvizyon li. Anpil chèf ak pastè kontan anpil pou ede kèk moun ki swaf tande pawòl Bondye a. Lekòl bibliik yo ak legliz pral adopte trè fasil kou sa depi yo wè li.

DEZYEM ETAP: ou ta dwe jwenn you sipèvizè legal ki ta vle li kou yo, korije yo epi ba ou nòt pou devwa ou yo, kap byen kontan tande pale de rapò ou yo nan pratik travay ou yo epi ki va pare pou diskite ak ou de kou yo ak gade kòman pwogrè ou yo ap vanse nan ajandà ou. Se moun sa ki gen pou bay pastè ou a ak chèf kanton lan rezilta travay ou yo.

Twazyèm etap: Lè ou va fini etid ou yo, ke se va legliz lokal ou a, responsab misyon ou an ou nenpòt legliz dwe enspekte travay ou ak lòt detay ke sipèvizè ou la make nan rejis ou. Si travay ou fè a jwenn mwayenn ki pou fè ou pase, le sa legliz ou ak òganizasyon ou an ka ba ou you diplòm pandan you seremoni nan you legliz jou dimanch oubyen nan nenpòt lòt okazyon.

Ki moun ki ka sipèvizè m?

Nou toujou swete ke sipèvizè yo se, ann pran yon ekzanp: pastè yo, ansyen yo, asistan pastè yo, misyonè yo, responsab misyon yo, legliz ki retirete, kèk paran, kèk chèf gwoup selil lapriyè oubyen kèk kretyen moun kwè nan yo ak responsab yo, pou fini kèk moun ki bon renome ki konn bib yo byen ki pase tan yo ap lapriyè ak pale ak etidyan an. Nou panse ke you nonm ou you fanm ka responsab 6 etidyan pou plis. Gade seksyon anba ki la pou sipèvizè yo.

Ou ka petèt deside etidye ak kèk zanmi epi si legliz ou a pare pou dakò ak etid wap fè yo epi you moun ki kalifye vin kontwòle ou, wap ka kreye pwòp lekòl ou epi bay diplòm ou. Pou plis detay sou pwèn sa gade pati anba sa.

Pou reponsab yo ak Sipèvizè yo:

Espesyalman pou chèf legliz yo oubyen misyon yo

Kòman you lekòl ka travay pi byen? Eske ou vle li bagay sa!
Kijan mwen ka louvri you lekòl misyon san mwen pa depanse you pakèt lajan?

Entwodiksyon kou yo

Plis tan
Pou etidyan nou yo ak chèf yo...

Men you paj nou fè pou ede espesyalman etidyan nou yo ak lekòl chèf lekòl misyon ak Bak pou pòv yo. Paj sa yo ki parèt chak mwa kapab entèrese tout ki santi Bondye rele yo.

Liv pou chèf yo...

Klike isit la pou ou ka jwenn you dokiman.pdf oubyen dechaje you dokiman.zip oubyen dokiman sou MS Word epi nan kèk segond wap gen konbinezon paj keksyon yo ak repons yo, Entwodiksyon kou yo, ak kòman pou louvri lekòl bibliik pa w san pa gaspiye anpil lajan.

Paj espesyal ki pale sou diplòm

Eske mwen ka itilize materyèl ou yo pou mwen louvri you lekòl bibliik?
Oui, ak keksyon sa yo. Tout leson yo ak konsèy ke ou bezwen se kado nou ba ou – Tout se gratis.
Nap fè tout sa nou kapab pou ede ou.

Bagay sa enpòtan anpil. Li parèt byen klè pou nou di ou se pou fè leson yo avan ou anseye yo bay you lòt moun, swa nan etid pèsonèl swa nan you ti gwoup, ak pa ekzanp pwofesè ki vle anseye nan lekòl misyonè ou a pi devan. Oubyen ou ka fè you lòt bagay ale enskri nan you lekòl kap sèvi ak kou nou yo déjà epi enskri ou ladann pou al nan you klas. Pa swiv tout kou yo nèt avan ou kòmanse anseye ou menm ta you gwo er ke pita etidyan ou yo ap fini pa dekouvri rapid rapid.

Kòman mwen ka louvri you lekòl nan legliz mwen an, misyon ak lakay mwen?

Nou wè ke gen anpil opòtinite pou you moun bay fòmasyon fòmèl oubyen senp epi yap fonksyone nòmal nan pwop konteks yo. Nou gen you paj espesyal ak anpil lòt konsèy sou koman pou kreye pwop lekòl ou san ou. Nous avons vu qu'il y a beaucoup d'opportunités pour offrir ou pa depanse anpil lajan. Ou ka li paj sa yo tou:

Kòman you lekòl misyon ka bay bon randman?
Kòman mwen ka delivre you diplòm ke tout moun rekonèt?
Al fè you ti li souple, tout paj ki konsakre pou diplòm akredite ak ki gen valè.
Gade paj espesyal diplòm

Eske you diplòm bay moun pwèn nan lekòl?
Li enposib pou garanti ke you lekòl ap aksepte kèk sètifika ki sot deyò, men gen anpil inivèsite ak lekòl pwofesyonèl kap bay nèt ou yo valè depi yo byen sètifye. Tankou nou you diplòm ki gen valè delivre pan ou menm pa mwayen epi ak otorizasyon legliz lokal yo ou byen lekòl misyon an epi Inivèsite Entènasyonal nou vèl konansyon an ki nan Etazini gras ak yon akò ak inite ki bay valè ak gro etid yo. Inivèsite gen yon paj entènèt nan lang Anglè ki se: www.newcovenant.edu

Eske etidyan yo bezwen moun sipèvizyon ak ekzamen?

Wi – nou panse sa, patikilyèman si legliz ou a oubyen lekòl biblik ou a ta dakò pou bay you sètifika ki gen gwo valè nan fen kou a. Ou ta dwe gade travay ou yo nan lòd, paske pi ta you ka vle al gade nòt ou te fè yo avan yo dakò nan Inivèsite yo a sa se you ekzanp.

Non – si moun yo se jis konesans yo vle pran epi pou yo ka grandi nan pawòl Bondye a tankou sete nan you reyinyon etid sou bib la nan legliz ou a chak semèn.

Ki sa nou ka fè si nou pa gen ase sipèvizè nan legliz nou an?

Poukisa nou pa sonje mande èd yon lòt legliz, ou ta ka menm nan yon legliz ki pa kwè menm jan ak ou. Travay ak lòt legliz gen benefis anpil paske menm pwovèb la di: Se fè ki file fè. Retrete yo, pastè yo ak misyonè yo ki retrete yo toujou pare pou ede.

Kòman lekòl nou an oubyen legliz nou an ka bay sètifika ki gen valè?

Bagay sa pa two difisil. Si ou se responsab you lekòl oubyen you legliz al fè you ti gade paj sa a. Sètifika

Eske mwen ka rele lekòl mwen an DCI rezo kretyen yo nan mond lan?

Mèsi anpil pou konfyans ou fè nou men pou rezon legal yo, lap pi pou ou si ou itilize non pa ou, paske si wap itilize non fondasyon an san ou pa gen otorizasyon ak pèmisyon, sa ka koze gwo pwoblèm ak kèk kontraryete leta peyi ou la ka ba ou. Ou ka jis di wap itilize materyèl ak etid ke Fondasyon DCI nan peyi Angletè ap finanse.

Sa se pou Sipèvizè ak Pwofesè yo li ye?

Ki sa yon sipèvizè gen pou li fè?

Yon sipèvizè dwe fè lekti ak bay etidyan yo nòt, epi anpil ladan yo ap akode yon gwo enterè pou pran swen etidyan yo.

Sipèvizè yo dwe ekri you rapò bay pastè responsab la oubyen chèf kou a epi li dwe fè efò pou li konsève li byen senp men fòk li pran swen dosye lekòl etidyan yo ki gen ladan yo:

- 1 You rejis leson yo ki deja fin fèt pa etidyan an, da ka yon siyati ki pou di si li byen satisfè de sa etidyan an fè deja kòm mwayèn.
- 2 You rejis devwa pou chak leson ak dat li, kòmante sou kalite ak kantite travay li bay. Etidyan kenbe travay li yo byen nan lòd pou ta gen you enspeksyon pi devan.

Men kòman ou ka bay nòt yo:

Pliske se nan tout mond lan yap itilize kou sa yo, se moun ki Anglè se dezyèm oubyen twazyèm lang yo, nou kenbe yon fason pou bay nòt ki byen senp. Menm fason sa ou ka itilize li lè wap fè ekzamen.

A = Soti nan 80% rive 100% bon travay eki pa gen parèy, fòk ou pa bay pwèn ak tèt cho. Sipèvizè yo dwe sèlman bay A oubyen yon A+ si yon pati travay la byen fèt epi san repwòch, si se pasa pa gen okenn mwayen pou bay etidyan sa gwo nòt.

B = Soti 70% rive 79% travay ki entèresan, ak bon konpreansyon sou sa yo te montre a.

C = Soti nan 50% rive 69% travay ki pasab la, ou ta ka fè plis.

D = 50% rive pi piti. Ou dwe refè ekzamen an ou leson pou etidyan ka byen konprann paske li pat sezi anyen.

Chak kategori ka gen you + oubyen you -, tankou you B - ou you C+

- 3 You rejis ki gen sa etidyan an vize ak rezilta pratik travay li yo ak tit epi dat. Nou pap chache jwenn you siksè rapid nan chak okazyon, men eksperyans ke etidyan an pran.

Kòman pou bay nèt pou redaksyon ak A, B, C elatrye?

Byen gade longè travay la, si li prezante pou mwen you longè anviwon 350/400 mo kap plen you paj. Kounye a gade si etidyan reponn keksyon yo te poze la paske li ka bay you repons paske li te fè yon ti gade tou kout san konprann. Apre sa mwen ka li sa li di, pandan map gade si etidyan an byen reponn, aprè fòk mwen gade si gen verite ladann, si pawòl ekzat, kòman li prezante devwa li yo, si yo pa sal ak si moun nan ekri byen. Apre sa mwen ka mande yon pwof li se Sa li panse de travay etidyan sa fè a. Gen kilti ki bay koreksyon valè, plis pase yon lòt, epi se enpòtan pou ou konnen sa sa ta ka ye.

Kote ekzamen an ye?

Wap jwenn li nan tout bwat ou telechaje yo epi li vini ak yon gid sou fason yo bay ekzamen oubyen ou bay li pa bout oubyen ou bay li nèt lè kou a fini. Ou fèk sot wè kòman pou ou bay nèt la talè a. Lè kou a fini yon direktè lekòl bibliik oubyen yon legliz ka mande wè dosye ekzamen etidyan sa yo. Lè wap ekri nou pa imel, bay non ou, siyati ou, adrès ou, laj ou, nimewo kat idantifikasyon nasyonal ou oubyen paspò ou, nimewo telefòn ou, non pastè ou la, oubyen chèf ou a, non ak adrès legliz ou a epi menm detay yo pou etidyan ou yo. Mèsi bokou !

Sak pase lè kou a fini?

Nou mande souple lè kou a fini, avan ou bay yon sètifika ki di etid la fini nan you legliz ou lekòl, pastè a ou direktè lekòl misyon an gen pou li gade ankò bagay sa yo:

- 1 Twa kalite dosye rejis ke nou te pale pi wo a ak detay sou sa sipèvizè a panse ak kèk konsèy pou etidyan.
- 2 Rezilta ekzamen yo.
- 3 Konpòtman ak bon volonte etidyan pandan kou a.

Li ta ka renmen poze etidyan kèk kesyon. Nòmalmman se nan you seremoni ke tout legliz yo, fanmi etidyan yo ak zanmi yo ap patisipe ke yo tou remèt sètifika yo. Nou toujou mande a chak etidyan pou yo bay nan gran piblik sa li gen nan tèt pou li fè pi devan.

Nan kòmansman paj la
Lòt keksyon ak repons.

Kiyès nou ye an reyalite, sa DCI vle di, ak nan kisa nou kwè?
Lang yo pale nan lòt peyi, fè kopi kou yo, ak pwoblèm òdinatè...

Sa DCI vle di?

DCI kouvri travay you gwoup moun ki nan plizyè peyi sou latè epi ki fòme rezo ke nou rele Fondasyon DCI la, lekòl kap fòme etidyan yo ak paj nouvèl sou mond kretyen yo wap jwenn tout nan paj entènèt nou an. Non an soti nan Women 1:1 nan bib la kote lang orijinal Pòl pale sou li

tankou 'Doulos Christou Iesou' – you sèvitè Jezi Kris. Tit sa depi soti 1986 fè nou sonje plas ekzateman ak rele nou pou nou bay tèt nou pou sèvis Seyè a ak you pakèt moun.

Kiyès nou ye epi kote nou soti?

Si ou ale sou paj entènèt nou wap jwenn plis bagay pou li, wap ka wè tou kote paj yo soti. Direktè kou yo ki se Dte. Les Noman, Th.D, Ph.M ki gen plis ke 28 ane eksperyans nan travay kretyen an. Nap viv nan peyi Angletè epi nou fè you fason ke frè yo pa janm monte, se nan kay nou travay epi nap viv tou senp. Zanmi nou ki travay ak nou ak etidyan yo soti nan kat kwen mond lan.

Nan ki denominasyon nou sòti?

Ni Fondasyon DCI la, ni mouvman kretyen yo nan mond lan pa gen yon denominasyon epi moun kap travay ansanm ak nou yo soti nan yon pakèt legliz kretyen ki pa twò kwè menm jan ak nan anpil peyi. Sou zafè lekòl, nou afilye ak Inivèsite NCI ki nan Etazini damerik kote Dte Les Norman akredite kòm pwofèsè ki asosye. Isit la nan peyi Angletè, direktè a ak fanmi li nan yon legliz ki modèn kap grandi epi zanmi yo nan lòt legliz evanjelik menm jan an tou swa ki pi gran oubyen pi piti men ki pa kwè menm jan.

Eske ou gen you bagay nou kwè ansanm?

Nou dakò ak lafwa konsil Nise a ki te nan legliz primitiv nan ane 381 aprè JC ke tout legliz Otodoks peyi solèy leve yo kwè, Katolik yo, Episkopal yo, Literyèn yo, Kalvinis yo ak anpil lòt gwoup kretyen modèn yo.

"Nou kwè ke gen you sèl Bondye kise: Papa a, li men ki Tou-Pwisan, Kreyatè syèl ak tè a, se nan li tout bagay ekziste vizib ak envizib. Nou kwè nan you sèl Mèt, Jezi Kris, Pitit eksepsyonèl Bondye a, ki an kontak pou tout tan ak Papa a, Bondye kisot nan Bondye, Limyè kisot nan Limyè, vrè Bondye kisot nan vrè Bondye, kreye; nan menm kò ak Papa a. Se ak li tout bagay rive kreye. Pou nou ak pou delivrans nou li te desann sot nan syèl la; pa pouvwa Sentespri a, se nan you fanm ki vyèj li te pase, epi li vin pran fòm yon moun. Yo klouwe sou you kwa sou gouvènman Pons Pilat la pou tèt nou men; li mouri epi yo antere li. Sou twazyèm jou a li leve byen vivan daprè sa ki te ekri; li te monte nan syèl la epi li chita sou bò dwat Papa a. Wayòm li a pap janm tonbe. Nou kwè nan Sentespri a, Mèt la, li menm ki bay lavi a, ki soti nan Papa a ak Pitit la. Ak Papa epi Pitit la, yo adore li epi ba li glwa. Li te pale nan pwofèt yo. Nou kwè nan you legliz katolik ki chita sou baz apot yo epi ki apa. Nou kwè nan yon batèm pou repantans la. Nou ap tan pou mò yo leve vivan ankò ak lavi nan lòt mond ki gen pou vini an."

(Mo "katolik la" vle pale sètènman de legliz, ke Jezi Kris genyen nan tout mond lan)

Kòman ou ka ede nou aprè sa?

Mèsi paske ou panse ede nou, nou vrèman kontan pou tout èd ou ka bay paske nou pa fè etidyan nou yo peye okenn frè pou etid la, ni nan sa ki konsène sak sou entènèt la ni nan istwa lekòl nou yo. Nou toujou ede tanzantan anpil moun ak pwojè yo genyen pou misyon an ak travay yap fè pou pov yo. Nou pa resevwa okenn moun kap bay lajan ki mande ou pou ou kwè sa yo vle ni nan men okenn gwo biznis. Si ou santi lekòl misyon an se yon benediksyon pou ou, konsa ou kado ou bay ap pèmèt nou kontinye bay kou a gratis nan anpil peyi nan mond ki poko devlope a kote

moun yo pa gen mwayen pou peye etid yo. Nou ka ede nouvo diplòm nou yo ak responsab nou yo pou yo fè kèk nouvo pwojè misyonè.

Ki lòt lang ki genyen?

Gade nan paj entènèt nou an://www.dci.org.uk/epi wap jwenn repons:Anglè, Panyòl, Pòtigè, sebwanò, alman, arab, Endou, Endonezyen, mo, woumen, ris, kiswayili, telougou epi chinwa – fasi pral disponib tale. Nou kontan anpil pou nou asepte èd ou pou tradiksyon yo leson yo nan lòt lang. Vini jwenn ekip nou an non!

Kisa ou rekòmande pou chèf ki responsab konferans yo nan mond ki pa devlope a?

Si ou gen tan pou sèt sesyon, epi moun konnen sa ki pi enpòtan, konsa nou rekòmande ou leson sa yo ki byen enpòtan ke wap jwenn sou lis la:

11. Plan Bondye pou nomd lan; 12. Gwo komisyon an;
38. Wa ap tounen; 63. Legliz la grandi;
64. Legliz kap fè misyon an; 65. You legliz kap sèvi;
66. You legliz plen ak disip

Eske mwen ka fè kopi kou yo pou lòt moun?

Wi, ou ka pran ak bay tout sa ou jwenn sou paj entènèt la, nou kontan wè ou sou paj entènèt la. Nou pap janm fè ou peye okenn frè pou anyen, de pi wap bay gratis sa nou te bay la, epi se frè kopi yo ou ka fè moun peye men pri yo fè kopi a.

Pwoblèm Entènèt, Odiratè ak Enprimant.

Eske mwen ka dechaje tout leson yo yon sèl kou?

Wi, li byen fasil nan de rive dis minit. Pran yo pandan wap dechaje yo paj sa kote ki gen konsèy tou senp sou fason pou jwenn paj yo. Pi bon moman pou dechaje yo sou entènèt la se lè moun ki Ozetazini yo dòmi epi entènèt la pa itilize.

Kòman mwen ka wè tout etid yo sou ekran mwen?

Tout tit ou wè sou paj etid yo wap wè yo souliye yo pou lè ou fè you klik sou liy ble a pou ou ka wè tout rès etid yo, konsa si ou vle ou ka dechaje yo nan òdiratè ou a, sou yon cd oubyen sou yon ti disk san ou pa oblije itilize liy telefòn ou.

Kòman mwen ka jwenn kou ki ta plis entèrese mwen?

Ou ka fè yon rechèch sou tout sa ou wè sou paj entenet nou an, pou kle ke ou ta vle yo epi paj la ap ba ou tout sa nou genyen.

Mwen rive louvri leson yo?

Si ou klike de fwa ou ta wè paj la pa louvri, sa vle di ke entènèt pa ou la ak pa ou a vin twò chaje pandan wap fè demand lan, sa ki pa rive fasil. Ou ta sèlman eseye ankò pi ta. Si ou jwenn yon rapò erè: Paj 404 li pa disponib, eseye ankò pi ta, gen anpil moun, men si ou ta wè sa ap kontinye pa bliye kontakte wèbmèt nou an pou fè yon reparasyon rapid pou ou souple.

Kòmman pou enprime leson yo?

Paj entènèt yo konn pa fasil pou enprime. Bagay ki pi senp lan se pou peze sou bouton ki make 'enprime a' nan ekran an oubyen ale kote ki make 'File / Print' men wap bezwen anpil papye pou fè sa.

Pi bon fason pou enprime se pou ou chwazi tout paj la, nòmman Ctrl + A, epi sou kopye tout paj la ki se Ctrl + C. Aprè sa, louvri yon paj wòd pou ka plake teks ou ki poko fòmate a. Konsa tèks ou a ap parèt nan paj ou plake li a. Ou ka chanje koulè li, grosè ak jan ou vle li parèt, ak sou ki gwo fèy ou vle li soti.

Kòmman ou ka fè yon lekòl misyon fonksyone pi byen?
Modèl EAPTC nan lavil Nayiwobi nan peyi Kenya.

Lè misyonè Koreyen yo rele Pòl Li te vini nan lavil Nayiwobi, gen kèk ane de sa, li fè yon ti lekòl bibliik konsa konsa. Ak tout siksè li te fè, li te santi li manke yon bagay lè li wè etidyan li yo ap soti, lè yo fin pran diplòm yo, pou yo ale fè lòt legliz epi fè travay misyon an grandi nan mitan tout kalite kilti ki te genyen yo.

Genyen senk an, Pòl te adopte sistèm lekòl misyon DCI la ki chita sou fòmasyon disip yo. Depi dat sa a, moun ki nan sistèm nan vin gen plis ke 60 lòt legliz ak lokòl misyon an nan peyi Kenya, plis ke 40 nan peyi Ouganda ak lòt nan Boukina Faso, nan Malawi ak nan peyi Soudan. Lekòl misyon nan Malawi fòk sot jwenn premye reyinyon yo epi yon etidyan deja kòmanse ap louvri yon sant pou fòmasyon misyonè nan peyi Botswana.

Plan Pò li menm se te mete 10 000 legliz ak lekòl misyon, nan tout Lafrik ak nan tout mond lan. Li byen kòmanse.

Lekòl misyon ki nan EAPTC nan Nayiwobi ap travay nan fason sa a:

- 1 Avan lòt kou a kòmanse ou tou fè demand pou antre ladann.
- 2 Yo fè yon aranjman pou yo pran 15 elèv pou plis pa kou.
- 3 Yo bay pwogram lekòl misyon an nan mwaye tan, chak jou oubyen pou si mwa, nan nenpòt chanm ke yo jwenn. Epi san fè gwo aranjman pou koute yo yon pakèt kòb.

Etidyan yo, sa yo pran nan konkou yo, pastè yo ki nan seminè lekòl misyon yo, Nayiwobi 2006.

Sa kap pase nan mitan yo rive jouk deyò, bri a rive bò kote moun nan mitan peyi ak pèp ki pat janm ko tande levanjil. Espwa pou nou wè anpil etidyan ap louvri lòt lekòl pandan yap louvri lòt legliz ki byen solid. Pou pi piti, mesye yo ak medam yo ka rantre lakay yo pi kalifye pou al ede pastè yo.

- 4 Konkou a.
Tout moun ke yo pran nan yon konkou jwenn ofisyèlman yon otorizasyon pou ale bay fòmasyon sa a nan yon lòt lekòl. Konsa, se etidyan ki vini profesè. Yo pare pou vann yon kopi pwogram lekòl sou pri li koute a, se sa ki kle grandi yap grandi a.
- 5 Moun ki pase nan konkou yo tounen nan legliz yo.

Legliz lokal sa a vin tounen manman lòt legliz yo pandan yap voye misyonè yo ale fè menm bagay lekòl misyon an ap fè nan lòt kote swa lavil ou nan seksyon yo, oubyen byen lwen nan yon lòt peyi.

Yo rekomanse menm bagay la ...

Yo pa fè reklam, se bri kouri nouvèl gaye ki fè bagay la mache tout moun vin konnen gen yon lekòl gratis.

Gen kèk lòt etidyan ki mande pou yo rantre nan lekòl la tou, yo pran sa yo dwe pran an.

Nouvèl lekòl rekòmanse menm pwogram nan pou 6 a 24 mwa.

Yon etidyan ki te pase nan konkou a vin direktè/ pwofesè ak pastè.

Lekòl gratis gen lapriyè tou fòn pa bliye sa, ale vizite lòt yo, sèvis adorasyon ak lakominyon. Tout sa yo vin rantre nan yon sèl plan ke manman legliz yo ap sipòte.

Jou yo fè konkou nan nouvèl legliz nan peyi Malawi.

Jou konkou yo

Etidyan ki reyisi yo gen yon dwa legal pou bay fòmasyon ak lòt lekòl.

You fwa ankò, etidyan yo sòti epi yo vini moun ki pwal pwofesè ak pastè.

« C'est ainsi que la Parole du Seigneur croissait en puissance et en force ». (Travay 19:20).

Sa se vizyon premye lekòl la la te genyen depi lane 1987, nan peyi Angletè.

- 6 Pandan tan sa, lekòl misyon nan EAPTC nan peyi Nayiwobi bay yon lòt kou ki nouvo...

Gade etap nimewo 1.

Kòmman ou ka ede?

Ou ka lapriyè pou lekòl ki nan peyi Nayiwobi ak pou tout lòt lekòl misyon yo ki nan peyi Kenya, nan Ouganda, nan Afrika epi nan tout mond lan. Sa EAPTC ap chache an premye nan peyi Kenya se bagay sa yo:

Yon fòmasyon solid pou kèk predikatè ka leve pou kontre kare yon bann fos doktrin kap leve kou dyon dyon.

Yon ministè pou timoun nan yon peyi kote yo pa konsidere yo tankou timoun vre.

Fè yo jwenn liv pou yo li pou ka anpeche grangou lekti ki genyen nan zòn kote solèy leve nan afrika.

Ou ka kòmmanse fè lekòl misyon gratis pa w epi menm rive fè plis ke EAPTC.

Ou ka voye nan peyi Kenya (oubyen nan peyi Kamewoun) youn, de ou tout kalite liv kretyen nan lang anglè ak fransè, ak kèk liv ki fè kòmantè ak kèk bib kap kanni sou kwen lakay ou. Nan peyi Afrik kote solèy leve a fè pa gen liv sa se gwo zafè, yo bezwen liv kou tè sèk kap tann lapli.

Ou pa jwenn liv fasil epi yo chè. Etidyan yo kou pastè yo bezwen liv ak materyèl pou fè lekti. Nou voye liv pa nou yo depi nou fin li yo pa lapòs yon mwayèn kote nou pa peye twò chè.

Voye liv ou yo ki nan lang anglè bay:

Evangelical Alliance for Preacher Training and Commission

C/o GMK,

P.O. Box 3774,

Nairobi 00506,

Kenya.

EAPTC Website

Du Docteur Les Norman, le fondateur du Réseau de l'Ecole de la Mission.

Si ou se yon responsab lekòl misyon ki ekziste, ou anvi louvri youn oubyen antre nan rezo a, mwen ta renmen ou chwazi modèl peyi Kenya kote rezilta yo se bagay serye. Mwen ale gade yo ak pwòp zye mwen.